ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ JOQARÍ HÁM ORTA ARNAWLÍ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

BERDAQ ATÍNDAǴÍ QARAQALPAQ MÁMLEKETLIK UNIVERSITETI

QARAQALPAQ FILOLOGIYASÍ FAKULTETI

Fakultet dekanı:
__________f.i.k. Q.K.Turdıbaev
«____» _____________ 2018-j.

5120100-filologiya hám tillerdi oqıtıw (Qaraqalpaq filologiyası) baǵdarınıń 4-kurs studenti Janibekov Qonısbaydıń «Sharyar» dásnanı syujetiniń arxaikalıq ózgeshelikleri » degen atamadaǵı

# PITKERIW QÁNIGELIK JUMÍSÍ

Jaqlawǵa ruxsat berildi

Kafedra baslıǵı: f.i.k. A.Dosımbetova Ilimiy basshı: f.i.k.J.Nizamatdinov

___________________ (qolı) ___________ (qolı)

«___» _______ 2018-j.

**Nókis – 2018 j**

**Mámleketlik attestaciya komissiyasınıń**
**QARARI :**

5120100 - filologiya hám tillerdi oqıtıw (Qaraqalpaq filologiyası) baǵdarın pitkeriwshi Janibekov Qonısbaydıń «Sharyar» dástanı syujetiniń arxaikalıq ózgeshelikleri » degen atamadaǵı pitkeriw qánigelik jumısına “_____ ” bahası qoyılsın

**MAK baslıǵı :** __________________ ____________________

(qolı) (f.i.sh)

**MAK aǵzaları :**

__________________ ____________________

(qolı) (f.i.sh)

__________________ ____________________

(qolı) (f.i.sh)

__________________ ____________________

(qolı) (f.i.sh)

__________________ ____________________

(qolı) (f.i.sh)

__________________ ____________________

(qolı) (f.i.sh)

__________________ ____________________

(qolı) (f.i.sh)

__________________ ____________________

(qolı) (f.i.sh)

**Mazmunı:**

Kirisiw--------------------------------------------------------------4

I bap. «Sharyar» dástanınıń ideyası hám qaharman obrazları------------8

1.1. «Sharyar» dástannıń ideya-tematikası--------------------------------8

1.2. «Sharyar» dástanınıń qaharman obrazları---------------------------15

II BAP. «Sharyar» dástanınıń syujeti hám kórkemlik ózgeshelikleri---27

2.1. «Sharyar» **d**ástannıń syujetlik qurılısı-----------------------------------27

2.2. «Sharyar» **d**ástannıń kórkemlik ózgeshelikleri------------------------45

Juwmaq ------------------------------------------------------------------53

Paydalanılǵan ádebiyatlar----------------------------------------------------56

## Kirisiw

XX ásirdiń 20-30 jıllarınan baslap xalıq awızeki dóretpelerin tereńnen úyreniw hám olardıń barlıq úlgilerin jıynaw máselesi kún tártibine qoyılıwı menen bay materiallar toplandı. Házirgi kúnde qaraqalpaq folklorı 50 den aslam dástanına iye hám onıń júzden aslam varmantları bar. Bul materiallar Ózbekstan İlimler Akademiyası Qaraqalpaqstan Bóliminiń kitapxanasınıń qoljazba fondınan hám «Qaraqalpaq folklorı» 20 tomlıǵınan, búgingi kúnde 100 tomlıqtan orın aldı.

Sonı aytıp ótiw kerek, xalıq dástanları dúnya júzlik kórkem sóz dóretiwshiligi dógereginde házirgi dáwirde de dıqqat hám itibarǵa ılayıq bolıp kelmekte. Bul jerde, atap aytqanda, «Alpamıs», «Qoblan», «Qırıq qız», «Sharyar» dástanlarınıń házirgi kúnde dúnya xalıqları arasında tanıs hám belgili bolıp ketkenligin esletip ótiwdiń ózi de artıqsha emes. Bul shıǵarmalar qay bir milletke tiyisli hám qaysı dáwirlerde dóretilgenine qaramastań, olar adamlardı óz watanın súyiw, adamgershilik, insan pákligi hám haqıyqatlıq, dosqa sadıqlıq , jawǵa jerkenish penen qaraw ruwxında tarbiyalaytuǵın hám dúnya ádebiyatı bolıp esaplanadı.

Qaraqalpaq xalqı uzaq waqıtlar dawamında turmıstıń hár qıylı tarawınan iri dástanlardı dóretken. Solardın biri sotsiallıq turmıs máselelerin sóz etetuǵın dástanlar bolıp esaplanadı. Bul dástanlarda da qaharmanlıq hám liro-epikalıq momentler jiyi ushrasadı, sotsiallıq turmıs motivleriniń basım súwretleniwi menen qaharmanlıq yamasa liro-epikalıq dástanlardan wózine tán wózgesheligi menen ayırılıp otıradı. Mısalı, «Alpamıs» dástanı «G’árip ashıq» dástanınan qalay ayırılsa, al «Sháryar» dástanı wóziniń wózgeshelikleri menen joqarıdaǵı eki dástannan da bólinip turadı. Sonlıqtan «Sháryar» dástanı «Shiyrin sheker», «Qanshayım», «Meńliqal», «Zarlıq-Muńlıq» qusaǵan dástanlardaı sotsiallıq turmıs máselelerin sóz etetuǵın dástanlar dep júritemiz. Bunday dástanlar haqqında geypara pikirler de bar. Q.Ayımbetov «Xalıq danalıǵı» «Qaraqalpaqstan» baspası 1968-j. İ.T.Saǵitov «Sháryar» dástanı haqqında, Q.Maqsetov «Sháryar» dástanınıń tili haqqında,

İ.Yusupov «Sháryardıń orıssha awdarmasına alǵı sóz. h.t.b. basqa ilimpazlardıń bahalı pikirleri bar. Bul «Sháryar» dástanı ilimpazlarda ayırıqsha qızıǵıwshılıq tuwdırǵannan derek beredi. Dástannıń syujetlik qurılısı, kompozitsiyası, til qurılısı jaǵınan kórkem jırlanǵan  dástanlardıń biri. «Sháryar» dıń atqarılıwınıń eń jaqsı úlgilerin bergen Nurabulla jıraw mektebine kiretuǵın, Nurabullanıń shákirti Qulamet jıraw, Nurabullanıń balası Esemurat jıraw, Óteniyaz jırawlar ekenin aytıw kerek. Óteniyaz jıraw «Sháryar» dástanın Erpolat jırawdan Erpolat jıraw Ábdirasiwli jırawdan Ábdirasiwli  Nurabullanıń eń birinshi shákirtlerinen esaplanǵan. Solay etip «Sháryar» dástanınıń úlgisi tiykarında kelip jetken.

ÓzSSR İlimler Akademiyası Qaraqalpaqstan Filialınıń kitapxanasındaǵı qol jazbalar fondında «Sháryar» dástanınıń Á.Shamuratov tárepinen jazılǵan Qulamet jıraw variantı, X.Tájimuratov, K.Ábiybullaev tárepinen jazılǵan Ábdireyim jıraw variantı, Esemurat, Óteniyaz, Qıyas, Jumabay jıraw variantları bar. Bul variantlar Rámbergen Xojanbergenov, Q.Maqsetov, Q.Mámbetnazarovlar tárepinen 1960-jıllarda jazılǵan. Dástannıń Qulamet jıraw variantı 1959-jılı Nókiste qaraqalpaq tilinde basılıp shıqtı. 1971-jılı S.Severtsov awdarmasında bul-variant orıs tilinde basılıp shıqtı.[1] «Sháryar» dástanı taza awız eki dóretpe bolǵan menen tiykarınan jazba nusqaları tiykarında awız eki variantları payda bolǵan bolsa kerek. Kóp ǵana jırawlardıń hám informatorlardıń xabarlawına qaraǵanda «Sháryar» dástanınıń qoljazba nusqaları bolǵan. Al, geypara maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda ol kitap formasında XVIII ásirdiń aqırı, sonday-aq XIX ásirde Kazan, Ufa Ombı baspalarında «Qıssayı Gúlchehra» degen at penen basıp shıǵarılǵan.

Qaraqalpaq xalıq dástanı «Sháryar» 1977-jılı Tashkente «G’afur-G’ulam» atındaǵı baspada ózbek tilinde talanlı ózbek shayırı Muhammad Aliy awdarmasında basılıp shıqtı.

---

[1] Сказание «о Шарьяре», Н.1971.

Qaraqalpaq jırawları «Sháryar» dástanınıń tákrarlanbaytuǵın túp nusqaları sulıw versiyasın dóretken. «Sháryar» dástanınıń tiykarǵı syujetiniń qurılıwına obrazlardıń qáliplesiwinde, kórkemlik ózgesheliginiń jasalıwına XIX ásirde ótken ataqlı Nurabulla jırawdıń roli ayırıqsha.

«Sháryar» dástanınıń waqıya dáwiri orta ásir dáwirlerine tuwra keledi. Bul dástannıń tiykarın qurǵanı menen onda júdá erte zamanlar menen baylanısıp ketken periyler, qullar, duwa, adamlardıń tas bolıwı, tiriliwi, taǵı basqa tolıp atırǵan tábiyattan tıs waqıyalardıń súwretleniwi orın alǵan. Bular dástannıń uzaq dáwirlik waqıya baylanısların óz ishine alatuǵının kórsetip turadı.

Dástannıń geypara waqıyaları dástannıń dórelgen dáwirine baylanıspay, onnan burın da bolıwı múmkin, yamasa haqıyqat emes fontaziya tiykarında qurılıwı múmkin. Dástannıń dóreliw dáwiri, onda sóz etiletuǵın waqıyalar menen mudamı tuwra kele bermeydi.

«Sháryar» dástanındaǵı obrazlar basqa da qaraqalpaq dástanlarındaǵı obrazlar sıyaqlı kúshli giperbolalıq usılda dóretilgen. Olarda erteklik penen haqıyqatlıq sheber ushlasqan. Dástandaǵı dóretilgen obrazlar onıń ideyalıq baǵıtı hám kórkemlik ózgesheligi menen tıǵız baylanısıp keledi.

Haqıyqatında da, bul dástanlar xalıq arasında keńnen taralıp, jırawlardıń ayrıqsha súyip jırlaytuǵın shıǵarmalarına aynalǵan. Durısıraǵı, stil qurılısı, tiliniń sulıwlıǵı hám ápiwayılıǵı, sóziniń ótkirligi, bay kórkem súwretlew quralларınıń isletiliwi, turaqlı syujet, kompozitsiya, turaqlı obrazlardıń beriliwi tárepinen de olarda ómirdi táriyplew, gúres, dúnyanı tanıw, muxabbat haqqındaǵı oyların sáwlelendiriwi jaǵınan eń gózzallarınan bolıp tabıladı.

«Sharyar» dástanın jazıp alıwda hám onı baspadan shıǵarıwda ilimpazlarımız tárepinen kóp jumıslar islendi. Biraq dástan arnawlı túrde izertlewdiń obektisine

aylanbadı. Ras, ilimpazlarımızdıń xalıq dástanları haqqındaǵı miynetlerinde «Sharyar» dástanı haqqında azı-kem pikirlerdi ushıratamız. Lekin , olar ulıwmalıq mániske iye. Folklor tariyxı hám basqada mashqalaları haqqında jazılǵan ilimiy izertlew jumıslarına kóz salǵanımızda, qaraqalpaq xalıq dástanları «Alpamıs», «Qoblan», «Qırıq qız» dástanları keńnen izertlenip ilimiy jumıslar júzege keldi.

«Sharyar» dástanınıń da poetikalıq ózgesheligi, tárbiyalıq áxmiyeti, onıń qaraqalpaq awız ádebiyatında tutqan ornı haqqında sóz etiw júdá áhmiyetli máselelerdiń biri. Bul jumısta tiykarınan «Sharyar» dástanınıń qalay jıynalǵanı, járiyalanıwı, onıń variantları, versiyalarınıń bir-birine uqsaslıǵı hám ayırmashılıqları, kórkemlik ózgeshelikleri, dóreliw dáwiri, obrazları, syujet penen kompozitsiyası, qosıq qurılısı haqqında aqtual problemalıq máseleler ashıp kórsetiwge háreket etiledi.

## I bap. «Sharyar» dástanınıń ideyası hám qaharman obrazları.

### 1.1. «Sharyar» **d**ástannıń ideya-tematikası

«Sháryar» dástannıń ideyalıq mazmunı dástannıń dóregen dáwiri menen hám dástandı dóretiwshilerdiń dúnyaǵa kóz-qarası menen tıǵız baylanısqan. Sonlıqtan dástannıń ideyalıq mazmundaǵı hár túrli pikir hám kóz qaraslardı dáwir ózgesheliginen hám dóretiwlerdiń kóz-qaraslarınan izlew kerek.

Qaraqalpaq dástanlarınıń barlıǵında, sonday-aq «Sháryar» da da ádillik jeńip shıǵıwı dástannıń ideyalıq mazmunda tiykarǵı hám baslı orındı iyeleydi. Bul tema adamgershilikti sóz etetugın xalıq poeziyasındaǵı eń tiykarǵı máseleleridiń biri bolıp, áyemgi dáwirlerden berman qáliplesken.

Qaysı qaraqalpaq xalıq dástanı bolmasın bull másele ayqın hám sheshiwshi túrde sóz etiledi.

Ádillik tárepi shıǵarmanıń baslı qaharmanı hám onıń toparlarınıń háreketi menen belgilenip, ádilsizlik tárepi baslı qaharmanınıń talabına qarsı kúshler menen xarakterlenedi. Ádillik penen ádilsizlik arasındaǵı keskin gúres júdá qospalı túrde qoyılıp, oǵan eki tárepten de belgili dárejede qatnasıwshı persanajlardıń háreket úlesleri ortaǵa qoyılǵan. Mısalı Sháryar menen Ánjim átirapına Gúlsharanıń qıynalıwı, Jáhańgirdiń háreketleri, Shasıwar patsha hám onıń hayalınıń ǵamqorlıqları toplaǵan. Sonday-aq ádillik tárepindegi kúshlerdiń geyparaları onsha sheshiwshi rol oynamaǵanı menen kómekshilik roli boladı. Buǵan mısal etip, Toman wázir háreketleri, shopannıń kómegin yamasa Juldızshanıń hám onıń qızınıń kómeklerin kórsetiwge boladı. Geypara waqıtlarda ádillik tárepindegi kúshlerde qospalıqlar ushırasadı. Mısalı, «Sháryar» dástanındaǵı Darapshanı alayıq, ol durısında da ashıqtan-ashıq Gúlsharaǵa dushpanlıq etken joq, dushpanlardıń ótirik sózine inanıp Gúlsharanı azapqa giriptar etti. Bul jaǵdaydıń sebepleri tiykarında Darapshanıń ózi emes, al onıń jamanlıq etken 9 hayalı. Darapshanıń 9 hayaldıń

dushpanlıǵın waqıyanıń aqırında túsiniwi, olardı jazalawı, Gúlsharanıń amanlıǵına, balaları menen qosılıwına quwanadı. Darapshadı adamgershilikli insanǵa aylandıradı. Usınday sóz bolǵan ayıplawlar ya ádilsizlik táreplerin asırıp jiberiw gúman payda eter edi. Bul gúmannan qutılıw ushın onıń isiniń nátiyjesine súyene otırıp, aqırǵı juwmaqtı ortaǵa qoyıp, ótkendegi gúnasına renjiw bildiriw kerek boladı.

Solay etip, ádillik tárepine qatnasıwshılar óziniń sanı hám sapası jaǵınan hár qıylı. Biraq olar ózleriniń hár qıylı dárejeliligi, tolıp atırǵan mayısıwlarına qaramastan bir maqset, bir tilekke baǵdarlanadı.

Dástandaǵı ádilsizlik tárepine ser salǵanda, onıń wákilleriniń funktsiyaların hár túrli seziwge boladı. «Sháryar» da ádilsizliktiń baslı sebepshisi Darapshannıń 9 hayalı bolıp súwretlenedi. Olar usı bala hám qız tuwǵan Gúlsharaǵa jamanlıq etiwi menen ózleriniń dushpanlıǵın baslaydı. Eki táreptiń ortasında qarama-qarsılıqtıń baslanıwına tiykarǵı sebebi baxıtqa talasıw nátiyjesinde payda boladı. Baxıt menshikli múlik sıpatında ortaǵa qoyıla da onıń haqıyqat iyeleri menen sol baxıtqa qaynaǵanda sorpası qosılmaytuǵın, biraq onı kóz kóreki iyelewge qızıǵıwshılardıń arasında Talas-tartıs gúres baradı. Eń aqırında haqıyqat baxıttıń iyesi, óziniń «menshikli múlki» bolǵanlıqtan baxıtqa iye boladı. 9 xanım menen Gúlsharanıń arasında gúres tap usınday háreketke iye.

Ádilsizlik tárepindegi adamlardıń is-háreketileri aldaw, dushpanlıq, ósek, jamanlıq etiw, zulımlıq, adamlardı aldaw, ólimge giripdar etiw t.b. menen belgilenedi. Mısalı 9 xanımnıń Sháryardıń tuwılıwına baslap tas bolıwına deyin, Gúlsharaǵa hám Sharyar menen Ánjimge islegen hiyleleri usı ádilsizlik tárepindegi kúshlerdiń kóriniwi bolıp esaplanadı. 9 xanımnıń hiylesi haqıyqat qara kúsh bolıwı menen, onıń belgili bir jaǵdayda ádewir ústemshilik kúshiniń artıqmashılıǵınıń bar ekenligi bayqaladı. Bunıń sebebi, kóp waqıtta mınaday jaǵdaylar tiykarında boladı.

Ádilsizlik tárepindegi kúshler óziniń qarsı tárepine soqqı beriw ushın hár qıylı múmkinshiliklerge iye boladı. 9 xanımdı da, duwa ashqan mollalardı da, mástan kempirdi de barlıq hiylelerge úyretiken esapsız xannıń «qızıl tillası». Sóz etilip otırǵan dáwirde qızıl tillanıń jalmawızlıq qásiyeti ádilsizlik toparlarınıń qara niyetleriniń iske asıwın kórsetse, ekinshiden, Sháryar, Ánjim qusaǵan jas nárestelerdiń, Gúlsharanıń sergizdanlıq hám azaplanıwǵa túsiwi menen dálillenedi. Ádilsizlik tárepiniń jaman qásiyetleri «Sháryar» dástanında tek ǵana dúnyaǵa baylanıslı kelip shıqpaydı. Oǵan qosa wákileriniń jaman morallıq qásiyetleri de buǵan qosımsha boladı. Mısalı: «Sháryar» da bunday jaman qásiyet 9 xanımnıń qızǵanshaqlıǵı, mástan kempirdiń ash kózligi, mollalardıń qorqaqlıǵı hám dúnyaparazlıǵı, Búlbúlgoyanıń hádden tıs «menmenligi» menen kórsetiledi.

Dástandaǵı usınday ádilsizlik tárepleriniń sóz etiliwi, eń jaman tárepleri olardıń qásiyetleriniń qanday ekenliginen derek beretuǵınlıǵın dástan dóretiwshileri kóz qarasınan qattı hám keskin túrde áshkarlanadı. Bul dástannıń xalıqlıǵın belgilewde kútá áhmiyetli bolıp esaplanadı.

Solay etip, «Sháryar» dástanında sonday-aq basqa da qaraqalpaq dástanlarında ádillik hám ádilsizlik arasındaǵı gúres, ádilsizliktiń áshkara etiliwi, ádilliktiń maqullanıwı dástanlardıń ideyalıq baǵdarın anıqlaǵanda tiykarǵı másele bolıp tabıladı.

Sotsiallıq turmıs máselelerine sóz etetuǵın dástanlarda, sonıń ishinde «Sháryar» da shańaraq máselesi barlıq waqıyanıń orayında turadı «Sháryar» da eski zamanlardaǵı bay adamlardıń shańaraǵı, ásirese olardıń kóp qatın alıwshılıǵın aykın súwretlenedi. Mısalı, Darapshanıń, 9 hayalı boladı, onıń ústine Gúlshara hám onıń apaların aladı. Darapshannıń adamgershiligine tán perzentsizlik zarın bılay qoyǵanda, onıń kóp hayal alıwshılıǵı sol zamandaǵı jaman illetlerden dárek beredi. Dástanda «9 ret úylenip, hesh te perzent kórmedi» delinedi. Soǵan qarap oqıwshıda

patsha perzenti bolmaǵan soń úylene bergen degen pikir de boladı, degen menen Darapshan óz múmkinshiliklerinen paydalangan hayalda is tutqanın kóremiz. Ol Álibay, Danabay, Sarıbaydıń qızların «Zerge basıp ólshep turıp aladı», «Qırıq kún oyın, qırıq kún toyın» beredi. Bul bay adamlardıń qalay úylenetuǵınlıǵın kórsetip beredi. Biz bir jaǵınan, Darapshanıń úyleniwine baylanslı baylıqtıń sol dáwirdegi salmaǵın kórsek, ekinshiden, onıń úyleniwindegi perzentsizlik zarı, Darapsha tárepinen wádesinde turmaǵan Gúlsharanıń eki apasınıń quwılıwı tıńlawshılarda hám oqıwshılarda qanaatlanıwshılıq sezimlerin payda etetugın kóriwimizge boladı. Sonday-aq Xanga qızların bergen Álibay, Danabay, Sarıbaylardıń pikirleri sol dáwirlerdegi shańaraq tuwralı pikir júrgiziwde ádewir irkedi. Jibergende úlkeni: Qızlarımızdı Xannıń 9 qatınınıń ústine bergennen bir gedey shopanǵa bergenimiz jaqsı, - dedi. Otanshısı Danabay: «Jamannıń basında bolǵannan, jaqsınıń peshinde» - degen sóz bar edi, deybergende, eń kishisi Sarıbay:

Xanǵa qızdı bersek,
Qup qaynata bolsaq,
Xan bediwin minsek,
Xan suńqarın salsaq,
Onnan artıq bizge ne kerek,- dedi.

Ekewiniń gápi birewinikin quwıp ketti. Aq bilekten tutıp, qızların xan aldına aparadı. Bunday sóylesiw, is-háreketler sol dáwirdegi atalardıń qızların uzatıwǵa qalay kewil bóletuǵınlıgın, qanday pikirde ekenligi, atalardıń qızların erkine jibermey, malday satıp jiberetuǵınlıgı ayanıshlı súwretlengen. Usınday is-háreketlerine qızlardı da ilajsızdan qayıl bolıp kete beretugınlıǵı sheber sóz etilgen. Atanıń óz qızların basqalarga zorlap beriwi «Sháryar» dástanında emes, «Qırıq qız»

dástanında da ushıraydı. Allayar Gúlayımdı Erkine qaramay Jurımǵa bermekshi boladı.[2] Biraq bunday illetler, bir qansha ózgeshelikke iye.

Degen menen, bul faktler júdá uqsas. Gúlsharanıń basınan ótken waqıyalardıń súwretleniwinde ertedegi hadal niyetli hayallardıń azap aqıretleri beriledi. Sol waqıttaǵı jámiyet ortalıǵınıń súttey aq kewilli adamlardıń baxıtqa erisiwine qansha tosqınlıq etetuǵınlıǵı Gúlsharaǵa baylanıslı toǵız hayal, mollalar, máselen kempir háreketleri menen ayqın kórsetedi. «Sharyar» dástanındaǵı Gúlsharanıń azap-aqıreti, onıń jkek qara basınıń tariyxı emes, al dáwirdegi hadal niyetli hayallardıń ómirine tán tipik jaǵday. Bunıń dástanda súwretleniwi qanshama dástanlıq usılda berilse de, tereń hám mazmunlı kórsetiliwi jaǵınan tań qaldıradı.

Gúlsharanıń dástanda berilgen obrazı arqalı eski dáwirdegi ádilsizlik tırnaǵında ezilgen hayal-qızlardıń kóz jasın, zarın kóriwge boladı. Dástanda Gúlsharaǵa baylanıslı pikirler dástannıń ideyalıq mazmunındaǵı eń bahalı xalıqlıq kóz-qarastan derek beredi. Gúlshara-ol ádilsizlik tırnaǵındaǵı haqıyqatlıq. Gúlshara ol xalıqtıń tilegi hám ármanı menen tolı obraz. «Sháryar» dástanınıń ideyalıq mazmunı ótkendegi waqıyalardı xalıqtıń sol dáwirdegi kóz-qarasına baylanıslı vńlatıp otıradı.

Qaraqalpaq xalıq poeziyasında, ásirese onıń dástanlarında hayal-qızlar turmısınıń súwretleniwi kóp jaǵdayda tereń reallıq jobada beriledi. Bul kóbinese unamlı obrazlar arqalı iske asırıladı. Ótken dáwirdegi hayal-qızlardıń óziniń eri aldındaǵı hádden tıs ǵárezli jasap, onıń tilsiz malayı sıpatında uslanıwı, hayallarǵa basqa da tolıp atırǵan feodallıq kóz-qarastıń payda etiliwi «Sháryar» dástanında anıq kórsetiledi. Biz bunı Gúlshara obrazı arqalı bilsek, al hayallardıń unamsız tipleriniń ushırasıwına da az kewil awdarmaydı, olardıń ómir súriwi ógesheligi sol dáwirdiń kóz-qarasınan da áshkarlanıp otıradı.

[2] «Қырық қыз» VII.т.1956.95-96-бб.

«Sháryar» dástanınıń ideyalıq mazmunında «kemliktiń kamalı bar», «qarańǵı kúnniń, bir jaqtısı bolar» degen uǵımǵa tiykarlanǵan sheklengen kóz-qarastaǵı ótken dáwirdegi jasaǵan diyqanlardıń filosofiyasınıń bar ekenligi málim. Biraq, qarama-qarsılıqqa, shegaralanıwshılıqqa qaramastan, bul filosofiya jámiyettiń belgili bir rawajlanıw basqıshında ádewir áhmiyetli tásir beriw kúshine iye bolǵan. Awır miynet astında qılılıp atırǵan miynetkesh xalıqtıń danalıq sózlerin esitiw menen ózine bir úlken isenim payda etiw boladı, onı bir ertek mısalındaǵı baxıtlı keleshek kútkendey biledi. Adamlardıń qıyın jaǵdaylarda kemiwin jubatıw ushın, olardıń keleshekke isenim kóz-qarasın boldırıw ushın filosofiyalıq oy az da bolsa óz paydasın tiygizedi. Durısında da xalıq túsiniginde «kemliktiń kamalı bar» degen pikir adamlardıń kúndelieli hárekti menen baylanıslıday kórinedi. Biraq xalıqtıń ózi oylap tapqan filosofiyası eziwshiler ómir súrgen jámiyette ústin klass hám onıń jalpıldaqları tárepinene úlken qosımshalarǵa hátteki basqa mánidegi túsinikke de jorılǵan. Mısalı: azap shekken adamnıń «azabı quda raxmeti», - dep, «jaqsı hadal adamlar miynet shegedi»; Olardıń kórgen miynetleri aqırette ráhátke aylanadı h.t.b. Sonday-aq bolıp atırgan is-háreket hádiyseler qudaydıń hámri menen boladı h.t.b. diniy wásiyatlar xalıq arasında boladı. Bul faktor «Sháryar» dástanınıń ideyalıq mazmunında orın alǵan. Gúlsharanıń hám onıń balalarınıń kemligi «quda raxmet» dep emes, ádilsizlik zardabı edi.

«Sháryar» dástanında basqa da ótken dáwirdegi qaraqalpaq dástanlarınday dinniń tásiri kórinip otıradı. Biraq, ol bir qansha ózgeshelikler menen berilgenligin kóremiz. Mısalı: ayırım dástanlardıń dóreliw dáwirlerine qaray perzentsizlik usıǵan motvler «áweliye, pikirler, payǵambarlardıń» sharapatı menen perzentli bolıw ushırassa, «Sháryar» dástanında bunday nárselerdiń bolmaytuǵınlıǵın kóremiz.

Dárapshanıń perzenti bolıwı haq niyetli shın júreginen óz yarın súyetuǵın Gúlsharanıń duwshakerlesiwi menen baslanadı. «Sháryar» dástanında balalar tuwılǵannan keyingi geypara háreketler adamlardıń ushqır fantaziyası arqalı

beriledi. Bir kekilli altınnan, bir kekili gúmisten eki bala tuwıladı. Ol balalardı suwǵa taslaǵanda da suwdıń ishinde ólmey, bir neshe kún ómir súredi. Sana-sezimi, bilim dárejesi, bunı adamnıń qıyalı dep pámley almaytuǵın atqarıwshılar menen tıńlawshılarǵa óz dáwirinde adamlardıń usı jaǵdayınan paydalanıp, bir «qudanıń qúdreti» dep turǵanda olar ushın bul pikirlerden atlap ótiw qıyınǵa túsedi. Sonlıqtan dástanlarǵa tábiyat hám jámiyet sırların túsiniwdegi hálsizlik dáwiri tásiri astında diniy qabırmaqlar menen búrkelgen.

«Sháryar» dástanında dinniń tásiri Sháryardıń hám Ánjimniń Búlbilgoyanı aytısıp jeńiwinde de ádewir bar ekenligi sezilip turadı. Duwa menen adamdı tas qılıw, duwa menen adamdı tiriltiw, duwa menen qalanı kóshiriw.

Haqıyqatında duwanıń adamdı tas qılmaytuǵını, adamdı tiriltpeytuǵını, qalanı kóshirmeytuǵını tábiyat sırlarınan tolıq xabarı bar adam ushın túsinikli. Bunday bolıp dástanda beriliwi bir tárepten iadamlardıń waqıyanı erteklik dárejede qıyallandırıwınan payda bolǵan bolsa, ekinshiden, dóretiwshiler menen tıńlawshılardıń dúnya tanıwı menen baylanslı bolǵanınan, oǵan qosa «duwa» túsiniginiń qosılǵanlıǵınan kóriwge boladı.

Ótken dáwirlerde dóregen qaraqalpaq dástanlarındaǵı qaharmanlar emes hám onı dóretiwshilerdiń kópshiliginiń kóz qarasında da azlı-kópli dinniń tásiri boladı.

«Sháryar» dástanındaǵı waqıyalardıń mazmunında dóretiwshilerdiń kúshli qıyallanıwınıń tásirin sezip otırasań, hátteki, ol qıyallardıń shamalawdan da asıp túsetuǵın waqıyaları dástanda ushırasıp qaladı. Mısalı, balalardıń altın aydarı, gúmis tulımlı tuwılıwı, olardıń suwdıń ishinde ómir súrip óliwi, kiyiktiń balabardı asırawı, Sháryar menen Ánjimniń Búlbilgoyanı jeńiwi, Jáhangerdiń kómeginde dástannıń dóretiwshileriniń qanday dárejede qıyallaw múmkinshiligine iye ekenligin seziwimizge boladı. Qaraqalpaq dástanlarında xalıqtıń arzıw-niyetleri, qıyalı, qıyınshılıqlardı jeńiwi júdá sulıw beriledi.

## 1.2. «Sharyar» dástanınıń qaharman obrazları

Hár qanday iri eposlıq shıǵarma bolǵan dástanlardıń kórkemlik ózgeshelikleri, qaharmanlarınıń obrazı olardıń ideyalıq baǵıtı menen tıǵız baylanıslı epos qaharmanlarınıń obrazı jırawlarımız tárepinen oǵada bay ádebiy usıllar arqalı dóretiledi.

Dástanlarda qaharmanlardıń obrazın jasaw júdá quramalı másele. Bul oǵada juwapkerli wazıypanı iske asırıp, tıńlawshılardıń kewillerinen shıǵıw ushın jırawlar ózleriniń talantın , bilimin, dúnya tanımın, turmıs hádiyselerine tereń kóz-qarasın iske salǵan. Mazmunnıń formaǵa sáykes keliwi ushın úlken sheberlik talap etilgen. Hár qanday qaharmanlıq hádiyselerdi, shım-shıtırıq waqıyalardı, qıyan-keski tartıslardı súwretlew ushın qaharmanlar obrazların jasaw talap etiledi. Bul wazıypa eposlıq shıǵarmalarda óz dáwirine say ózgeshelikler menen sheshiledi.

«Sharyar» dastanı qaharmanlarınıń obrazı tosattan payda bolǵan emes. Adamlardıń táǵdiri, turmıstaǵı qarama -qarsılıqlar, ádillik penen ádilsizliktiń tartısı, jaqsı niyetke umtılıw tuwǵıları hám taǵı basqalarda hádiyyseler «Sharyar» dástanınıń tiykarǵı ózegin quraydı. Xalıqtıń ruxıy ármanları, sol ármanlarǵa jetisiw jolındaǵı qıyınshılıqlar dástanda oǵada tereń súwretlenedi.

«Sharyar» dástanınıń mazmunında basqa qaraqalpaq dástanlarına qaraǵanda bir qansha arxaikalıq ózgeshelikke iye. Dástanda qaraqalpaq xalqına keńnen málim erteklerge ǵana tán qıyalıy hádiyseler **:** balalardıń aqılǵa uǵras kelmeytuǵın dárejede ay, birewiniń kún bolıp kóriniwi, balalardıń suw astında ólmewi, qolınan túrli bále keletuǵıń mástan kempir, mákkar toǵız xanım, suwdıń, tastıń , shóldiń sóylewleri, haywanlarǵa til pitiwi, jılanlardıń adam kelbetine

keliwi , jer astındağı patshalıq , duwanıń kúshi menen qalalardıń kóship júriwi usınday súwretlew usıllarına kiredi.

Joqarıda aytıp ótilgen hadiyseler «Sharyar» dastanıńdağı qaharmanlar obrazın jasawda úlken sheberlik penen paydalanıladı. Mine usınday ertekler menen ápsanalardıń qıyalıy ájayıp hádiyselerdiń dóreliw usıllarınan paydalanıp dóretilgen «Sharyar» dástanı qaraqalpaq xalqınıń belgili jırawları tárepinen ásirler dawamında jetildirilgen. Sonlıqtan «Sharyar» dástanı shın mánisindegi xalıq poeziyasınıń ájayıp kórkem úlgisi esaplanadı.

«Sharyar» dástanınıń ideyalıq mazmunı xalıq turmısı menen tığız baylanısqan hám talantlı jırawllardıń dúnyağa kóz-qarasınan ğárezli bolğan. Sonday-aq bul dástanda da, qaraqalpaq xalqınıń basqa da ullı dástanlarındağıday jamanlıq penen jaqsılıqtıń, ádillik penen ádilsizliktiń qarama-qarsılıqları, adamıylıq páziyletler tereń súwretlenedi. Aqırında ádillik, jaqsılıq , adamgershilik jamanlıq penen ádilsizliktiń ústinen jeńiske erisedi.

«Sharyar» dástanınıń baslı qaharmanları Shyaryar, Ánjim, Gulshara ádillik tárepinde turatuğın adamlar. Olarğa qarsı háreket islewshi toğız xanım, mákkar mástan kempir, Búlbilgoya hám tağı basqa da personajlar unamsız kúshlerdiń iyesi bolıp tabıladı.

Sonlıqtan «Sharyar» dástanınıń qaharmanların unamsız hám unamlı obrazlar sıpatında eki toparğa bóliwge boladı. «Sharyar» dástanındağı óziniń qospalı, ráń-báráń háreketleri menen tıńlawshını tań qaldıratuğın obrazlardıń biri Shahiydarap patsha. Bul jerde biz mınalardı aytıp ketiwimiz kerek. Qaraqalpaq dástanlarındağı hámme obrazlar kúshli giperbalizatsiya yamasa biziń tilimiz benen aytqanda asırıp, sharıqlatıp súwretlew arqalı jasaladı. Olar ertekke tán asırıp aytıwshılıq, qıyal-ápsana, kúshli fantastika kóp qollanadı. Mine «Sharyar» dástanında da usınday qıyalıy elementler turmıs haqıyqatlığı menen sheber

ushlastırıladı. Dástanda dóretilgen obrazlar onıń ideyalıq baǵdarı menen hám kórkemlik, syujetlik, kompozitsiyalıq ózgesheligi menen tıǵız baylanısta jasaladı.

«Sharyar» dástanınıń bas qaharmanlarınıń biri Shahidarap patshanıń obrazınıń qospalı, qızıqlı, adam tańqalarlıq dárejede dóretilgen joqarıda aytqan edik. Sózimizdiń dáliyli sıpatında mısallar keltirip kóreyik. Burınnan qaraqalpaq xalqınıń arasında keńnen málim bolıp, házir putkil dúnyaǵa dańqı ketken «Sharyar» dástanınıń Qulamet jıraw hám Óteniyaz jıraw variantlarında Shaxidarap patsha ataqlı el iyesi bolsada, taxt iyesi bolǵanday perzent kóre almaǵan shaxs sıpatında súwretlenedi. Ol sonıń saldarınan biysharalıq halǵa túsedi. Patshanıń bunday xalatı folklorist-ilimpaz Q.Maqsetov tárepinen jazıp alınǵan Óteniyaz jıraw, Á.Shamuratov tárepinen jazıp alınǵan varintlarında, birinde qara sóz benen ekinshisinde poetikalıq qatarlar menen berilse de, ekewi bir mánisti: perzent daǵına túsken patshanıń biysharalıq halatın ashıp beredi. Bunday musallat basına túsken Shahidarap el iyesi qúdiretli patsha emes, al ápiwayı bir adam sezimine iye insan bolıp kórinedi.

Ertegi áyyem zamanda, o Áreptiń halqında, Emen degen jurtında, Sulayman taxtına mingen, bárshelerdi bir kózde kórgen, Shahidarap patsha dúnyaǵa keldi, jası qırıq beske bardı, toqqız xayal aldı, ya uldan perzent nıshan kóre almadı. Patsha turıp oyladı, at basınday som júregi qanaǵa sıymay tuwladı. Dúnyası qurısın neteyin, jasım qırıq beske keldi, toqqız hayal aldım, ya uldan, ya qızdan perzent nıshan kóre bilmedim. Temirden hasa qolǵa alıp,temirden gewishti kiyip, «Házireti kábaǵa hejire bolıp keteyin» degen patshanıń kókiregine bir qıyal payda boldı. Eldiń aldı jatqan soń , ot qızılı sóngen soń , altın taxtan túsedi, etek-peshin kesedi.

Qálender sıpatta bolıp,
Kóshepazlıq etedi.

Bálent kóshe, pás kóshe
Tar kósheni aralap,
Jolǵa rawan boladı
Yarım aqsham awǵan soń ,
Bir qaladan shıǵadı,
Ol qaladan shıǵıp
Tawlardı, qumdı aralap,
Shaytannıń qaytqan waqtında
Perishte júrgen shaqtında,
Bir elatqa keledi.

Mine kórip otırǵanımızday qudiretli patsha Shahidarap qarapayım adam sıyaqlı sezimge iye.

«Sharyar» dástanınıń Qulamet jıraw variantında da perzent daǵınan taxtınan bezip, basın alıp baratırǵan Shahidarap patshanıń ayanıshlı halı oǵada kórkem sózler menen sheber beriledi.

Burınǵı áyyem zamanda
Ol zamannıń qádiminde,
Ay menen kúndi jarattı,
Ay menen kúnniń astında,
Adam atanı dóretti.
Ol atanıń perzenti
Kimi dinsiz kápir bolıp,
Kimi musılman ótti.
Kóp noǵaydıń ishinde,
Darapsha xan ótti

On eki jasına kelip
Ádalat taxtına mindi,
Patshalıq dáwranın súrdi.

Al, endi sonday júregi eljiregen patsha mákkar toǵız xanım, sırǵıya mástan kempir oǵan «Gúlshara bir kúshik penen bir pıshıq tuwdı» dep xabar etkende, nasaq sózge inanadı hám Gúlsharanı zindanǵa taslatadı. Bul jerde biz onsha aqıllı emes, erme, áńgódek patshanı kóremiz. Demek Shahiydarap patsha bolsa da qarapayım puxaradan onsha parıq qılmaytuǵın adam sıpatında kórinedi. Shahiydarap patsha obrazı óziniń qospalılıǵı, kóp sırlı kórinisleri menen oǵada qızıqlı.

«Sharyar» dástanınıń ishki mazmunın úlken waqıyalar quraydı. Al, endi sol úlken waqıyalar dástan qaharmanlarınıń átirapına toplanadı. Dástan waqıyaları ózleriniń ápiwayılılıǵına qaramastan, kem-kem shiyelenisip tıńlawshını ózine tartıp ketedi. «Sharyar» dástanı tiykarınan alǵanda dúnya xalıqlarınıń mifologiyalıq-erteklik dástanlarınıń qatarına kirse de, waqıyalardı ápsanawıy-fantastikalıq baǵdarda súwretlesede ondaǵı hádiyse halatlar realistlik turmısqa kóp sáykes keledi. Al hár qanday awızeki xalıq dóretpesiniń realistlik turmısta sáwlelendiriliwi, onıń qaharmanlarınıń obrazın janlı etip jasawdı talap etedi. Janlı obraz jasaw ushın qaharmannıń ishki keshirmelerin beriw aldıńǵı orınlarda turıw kerek.

Mine joqarıda kórsetilgen mısallarǵa oy juwırtıp qaraǵanda «Sharyar» dástanındaǵı Gúlshara obrazı anaǵurlım janlı hám turmıstıń ózinen piship alınǵanday bolıp kórinedi.

Ulıwma alǵanda qaraqalpaq eposlarınıń ayrıqshalıǵı, ondaǵı hayal-qızlar aqıllılıǵı batırlıǵı, boyınsha er adamlardan qalıspaydı. Olar menen sonıń menen

birge mehriyban ana, shańaraqtıń tiregi, jas áwladtı álpeshlep ósiretuǵın insan. Bul nárse qaraqalpaq xalıq dástanlarınıń hámmesiniń derlik boyına taraǵan.

Dúnya ádebiyatında hayal-qızlar haqqında dástanlar, poemalar oǵada kóp. Olar ańız-áńgimeler, ápsanalar, ertekler, fantastikalıq gúrrińler sıpatında da tarqalǵan. Bul obrazlar qıyalıy fantastika, mifologiyalıq-erteklik usılda jasalsa da, haqıyqıy realistlik obrazlar qatarına kiredi. Olar adam balasınıń hámmesine tán qásiyetlerge oǵada bay. Mine usı keltirilgen pikirlerdi esapqa alsaq «Sháryar» dástanındaǵı Gúlshara obrazınıń ideyalıq baǵdarın tolıq túsingendey bolamız.

Gúlshara óziniń tula boyına qaraqalpaq hayal-qızlarınıń eń aǵla qásiyetlerin toplaǵan. Ol mehriyban ana sadıq, pák muxabbattıń úlgisi. Eger kerek bolsa qattı minez de kórsete aladı. Sonday-aq Gúlsharanıń barlıq is-háreketleri, minez-qulqı dástandı oqıǵan adamlarda úlken tásir qaldıradı.

Ulıwma alǵanda «Sharyar» dástanındaǵı Gúlshara obrazı gumanizmniń jaynaǵan úlgisi menen suwǵarılǵan. Biz onıń aǵla háreketleri arqalı ana-apalarımızdıń, qarındaslarımızdıń eń gózzal is-háreketlerin kóz aldımızǵa keltiremiz.

Gúlshara obrazı jaslarǵa úlgi, adamıylıq minezdiń hámme aǵla kórinislerin óz boyına jámlegen obraz. Sonıń menen qatar Gúlshara aq iyesi, parasatlı hayal.

Gúlshara óziniń qıyın tágdirine qaramastan óz perzentlerine qosılıp, baxıtlı bolıw jolında barlıq qıyınshılıqlarǵa shıdam beredi.

Kóllerden ushırdım qońır ǵazımdı,
Endi barıp kimge aytarman arzımdı,
U’yiń kúysin toǵız birdey xanımlar,
Tawıp bergil ulım menen qızımdı.
Túsimde pirlerim qalmayın kelgen,

Qol kóterip bizge pátiya bergen,
Qızır İlyas men-dep xabarın bergen,
Atın Sháryar dep pidá áylegen,
Tawıp bergil Sháryarday ulımdı.

Gúlshara óziniń tileklerine jetiw jolında ayanbaytuǵın haq júrekli, erine sadıq, pák niyetli insan. Onıń eń jaqsı aǵla qásiyetleri adamgershiliktiń úlgisi.

«Sharyar» dástanındaǵı Gúlshara obrazı qaraqalpaq xalqınıń ullı dástanları bolǵan «Alpamıs» dástanındaǵı Barshın, «Qoblan» dástanındaǵı Qurtqa, «Qırıq qız» dástanındaǵı Gúlayım, «Edige» dástanındaǵı Aqbilek obrazları menen teńdey turadı. Sonday-aq «Sháryar» dástanındaǵı Toman wázir obrazı da óziniń unamlı háreketleri menen ayrıqsha kózge túsedi. Qaraqalpaq xalıq awızeki tvorchestvosında sonıń ishinde «Sháryar» dástanında, basqa dástanlardaǵıday Toman wázir obrazı jasaladı. Máselen, Gúlsharaǵa kúshik penen pıshıq tuwdıń dep jala jabıladı hám Sháhidarap patsha G'kimde-kim Gúlsharaǵa bir urtlam suw, bir tislem nan berse, ózi ólimdar, malı talawdaG' dep qalaǵa jar urdıradı. Mine usıǵan qaramastan Toman wázirSháhidarap patshanıń qalasınan quwılıp, qańǵırıp baratırǵanda,

Ashılǵanda qızıl gúliń soldıma,
Ájel jetpey shul paymanań toldıma,
Toǵız birdey xanımnan
Saǵan zálel keldime?- dep hal-awhal sorasadı hám oǵan mehriybanlıq kórsetpekshi boladı.

Esik aldı terekti,

Páseń qılma júrekti,
Buǵan men jamanlıq etsem,
Qıyamette bir qudaǵa,
Bere almaspan juwaptı,- deydi

Mine sonnan baslap Toman wázir óziniń qaytıs bolıp ketken qarındasınıń ornına Gúlsharanı qarındası etip asırap aladı.

Eger Toman wázirdiń haq kókireklik penen islegen usınday háreketi bolmaǵanda Gúlshara aman qalmaǵan bolar edi. Demek ózine jamanlıq islegen toǵız xanımnan, mákkar mástan kempirden ósh ala almaǵan bolar edi. Usınıń saldarınan jamanlıqtıń ústinen jaqsılıq ideyası jeńiske erise almas edi.

Sonday-aq «Sharyar» dástanındaǵı Ánjim obrazı ayrıqsha qızıqlı hám oǵada qospalı, kórkem obrazlardıń biri.

Ánjim bılayınsha qaraǵanda nayatıy kishipeyil jumsaq minezli qaraqalpaq qızlarınıń birindey bolıp kórinedi. Biraq anıqlap qaraǵanda onıń tula boyında aqıllılıq penen mártliktiń birdey rawajlanǵanın kóremiz.

Ulıwma alǵanda qaraqalpaq xalqınıń ullı dástanlarında bas qaharmanlardıń qarındasları aqıllı, parasatlı, aqılgóy sıpatında súwretleniw menen birge olar batır, er júrek adamlar sıpatında sáwlelenedi. Názik minezli qızlar aǵaları menen birge jawǵa atlanadı, geyde aǵaların jaw qursawınan qutqarıp aladı.

«Sharyar» dástanınıń hámme variantlarında ásirese Qulamet jıraw hám Óteniyaz jıraw variantlarında da hayal-qızlar obrazı tereń ashıladı. Olardıń isenimli obrazın jasaw ushın eki jıraw da qaraqalpaq tiliniń altın ǵáziynesinen mol paydalanadı.

Máselen Ánjimniń Búlbilgóya eline ketken aǵasın izlewge ketpekshi brlıp, atası Shasuwardan ruxsat sorap turǵan jerin qarań.

Perzentińdi tıńlasań
Aytar saǵan arzı bar.
Seni kórip qawsıraman qolımdı,
Rawa kórmeyseń maǵan ólimdi,
Sal qulaǵıń, esit meniń sózimdi,
Aytayın sizlerge kelgen jónimdi,
Jalǵız aǵam Sháryardıń
Atı keldi, ózi joq.

Yamasa Sarsańkesekke túsip jolda ketip baratırǵan Ánjim mınaday ándiysheniń ústinen shıǵadı hám aqıllı is qıladı.

Endi ańlap qarasa
Aq marı degen aq jılan,
Kók marı degen qara jılan,
Bul jılanǵa qarasa,
Jup jaǵası basında
Patshalıq lipas ústinde,
Ekewi de patsha eken.

Bunıń urısıp atırǵanın Ánjim bildi. Qara marı qolında Aq marı ázzi kelipti. Aq marı óler halına kelipti.

Ánjim munı kórdi. Turıp endi oylandı. Qádimnen qalǵan sóz edi. Burınǵınıń naqılı: «Óziń jolawshı bolsań, jol ústinde eki adam urısa qoysa, sol ázzi kelgenine kómek ber»-degen naqıl bar. Eki adam bir adamnıń táńrisi-degen sóz bar edi. Qolıma qanjar alayın, aq marını aynalıp, qara marıǵa qanjar urayın. Aqmarıǵa kómek bereyin, degen qıyal payda boladı. Áne kelip qara marıǵa Ánjim qanjar urdı. Qara marını Ánjim óltiredi. Qara marı kápir pashshasınıń patshası edi. Áne aq marı qara marınıń dástinen qutıldı. Endi esi awıp, kózi tınıp, aq marı jıǵılıp qaldı. Kóp

waq aradan ótti. Sóytip huwshına keldi. Huwshına kelgen soń Ánjimge: G'meniń keyinime er dep ishárát qıldıG'.

Mine joqarıda keltirilgen mısallardıń ózinen aq Ánjimniń qanday insan ekenin aytpay-aq bildirip tur. Ánjim ázzileodi qollap-quwatlaytuǵın, zalımlarǵa qarsı gúresetuǵın mehriyban ana, hújdanı pák hayal.

Dástannıń tiykarǵı qaharmanlarınıń biri-Sháryar. Onıń obrazı oǵada sheber jasalǵan.

«Sharyar» obrazı erteklik-miflik elementlerge kóp jaqın. Ol batır, Ata-anasın oǵada húrmetleytuǵın mehriyban perzent. Bilimli, dana jigit.

Sháryar qarındası Ánjim menen birge oqıp, tereń bilim aladı. Bilimpaz dárejesine kóteriledi. Baǵ egin egip, shólistandı gúlistanǵa aylandıradı., arna qazıp suw ákeledi.

Sonıń menen qatar Sháryar mehriyban júrekli keń peyil azamat. Ózin asırap alǵan Shasıwardı óz ákesindey kóredi. Al ana ornına ana bolǵan Aqdáwletti janınan beter jaqsı kóredi

Sháryar obrazında erteklik miflik elementler kóp. Mısalı, onıń baǵdar alǵan qalasın demde iyeley beriwi, ismi-aǵzam duwaların paydalanıp, qúdiret kórsetiwin usınday kórinisler qatarına kirgiziwge boladı.

Usı kórsetilgen elementlerge qaramastan Sháryar obrazı er júrek, batırlıqtı, miynet súyiwshilikti óz boyına jámlestirgen obraz bolıp tabıladı.

«Sharyar» dástanındaǵı shopan obrazı oǵada qızıqlı obraz. Ol «Sharyar» dástanındaǵı Áshim obrazın eske túsiredi. «Sháryar» dástanındaǵı shopan da Áshimniń zindanǵa taslanǵan Alpamıstı asıraǵanday etip, zindanǵa taslanǵan Gúlsharanı asıraydı. Gúlshara oǵan óz qızın beremen dep wáde etedi.

«Sharyar» dástanındaǵı shopannıń kim, qayaqtan ekenin Qulamet jıraw variantında aytılmaydı. Al, Óteniyaz jıraw variantında bul shopannıń Balxı-Badaxshan patshasınıń ulı ekenligi aytıladı.

Bir ayta ketetuǵın nárse dúnya xalıqlarınıń dástanları menen erteklerde shopanlardıń arǵı atası shax, patsha, tóre bolıp shıǵadı.

«Sharyar» dástanınıń unamsız qaharmanlarınıń qatarına patshanıń toǵız hayalı kiredi. Olar hámmesi derlik adam balasınıń boyında bar barlıq qásiyetsiz qılıqlardı óz bolarına jámlegen. Olar birewdiń baxıtın qızǵanatuǵın kúnshil, zalım, ashkóz. Gúlsharaǵa meyrimsizlik penen jamanlıq isleydi. Sol jamanlıqları ushın sazayların tartıp jazalanadı.

«Sharyar» dástanındaǵı ayrıqsha kózge túsetuǵın obrazlardıń biri-mástan kempir obrazı. Biziń bul jerde ayrıqsha dep atap otırǵanımızdıń mánisi mástan kempir obrazı qaraqalpaq awızeki xalıq tvorchestvosında ózine tán belgili orındı iyeleydi. Onıń atı atalıwdan aq dástan tıńlawshılardıń júzlerinde mısqıllı kúllki oyanadı hám bir jaǵınan ashıw-ızası keledi. Sebebi mástan dúnyadaǵı mákkarlıq penen zalımlıqtıń barlıq túrlerin óz boyına jámlegen.

«Sharyar» dástanındaǵı mástan kempirdiń minez-qulqı, mákkar háreketleri qanday bolsa, onıń sırtqı kórinisi de sol unamsız háreketlerge oǵada sáykes keledi. «Arqası qozǵan, eki birdey dizesi qulaǵınan ozǵan, shandırı tastay, kózi máshtey, ózi kóp jasaǵan, say súyegi bosaǵan, arqa moyını tırısqan, elatı menen urısqan, qızıl tilin tıymaǵan, kelinine sıymaǵan».

Mástan kempir unamlı qaharmanlarǵa qarsı qaslıq etiw menen shuǵıllanadı, zulımlılıq, qasgóyliktiń quralı sıpatında kórinedi. «Sharyar» dástanındaǵı mástan kempir obrazın jasawda jırawlarımız yumor-satira kúshinen paydalanadı.

Biz joqarıda «Sharyar» dástanındaǵı qaharmanlar obrazlarınıń jasalıw jollarına toqtap óttik. Bundaǵı Gúlshara, Ánjim, Sháryar, Shahidarap patsha, Shasıwar , Aqdáwlet Toman wázir, shopan kókirek kewilleri taza, insaniyat turmısındaǵı jaqsı niyettegi adamlar sıpatında oǵada tereń súwretlenedi. Al,

unamsız obrazdaǵı jobada bolǵan kúnshil toǵız xanımlar, mákkar mástan kempir, Qodar, palkerler, mollalar, búlbilgóya kiredi.

Ulıwma alǵanda «Sharyar» dásianındaǵı unamlı hám unamsız qaharmanlar arasındaǵı tartıs, jaqsılıq penen jamanlıqtıń tartısı bolıp tabıladı. Aqırında jaqsılıq jamanlıqtıń ústinen jeńiske erisedi. Bul qaraqalpaq xalqınıń gumanistlik tuyǵılarınıń úlken bir tariyxıy kórinisi bolıp tabıladı.

# II BAP. «Sharyar» dástanınıń syujeti hám kórkemlik ózgeshelikleri

## 2.1.Dástannıń syujetlik qurılısı

Dástannıń syujetlik qurılısı júdá kuramalı bolıp ayırım qaraqalpaq dástanları «Alpamıs», «Qoblan» dástanlarınıń syujetlik qurılısınan ádewir dárejede ózgesheliklerge iye ekenligin kóremiz, ayırım waqıyalardıń geypara belgilerinde uqsaslıqlardıń da bar ekenligin bayqawmızǵa boladı.

Qaraqalpaq dástanlarınıń kópshiligine tán perzentsizlik, «bir tırnaqqa zar» bolıw teması «Sháryar» dástanınıń syujetlik qurlısınan ibarat. Waqıyalardıń izbe-izligi, sol dáwirdegi xalıqtıń arzıw-ármanları, bay adamlardıń da kemshilikleri, olardıń da qayǵı-hásiretiniń barlıǵı dóretiwshiler kóz-qarasınan xalıqqa túsinikli, anıq etip berilgenligin kóremiz. Sebebi, dástannıń dóreliw dáwirinde adamlardıń dúnya qarasları da, házirgi dáwirden parıqlanadı.

Dástandaǵı tiykarǵı waqıyanıń baslanıwı da perzentsizlik qayǵısı bolıp, izbe-iz baylanısıp baradı. Árman etken perzenti dúnyaǵa keledi. Biraq, jawızlıq húkim súrip, qaharmannıń dúnyaǵa keliwi, erjetiwi, óz ata-anasınıń qushaǵınan ayra túsip giriptarlıqqa qusaǵan izbe-iz waqıyalar dástannıń tiykarın quraydı. «Sháryar» dástanında perzentsizlik ótkir qayǵılı waqıyalar menen berilgen.

Sháryar menen Ánjimniń dúnyaǵa keliwinen xabar tapqan kúnles xanım Gúlsharanıń tolǵaǵın esikten ańlap-sıǵalap, mástan kempirge tillalar berip jawızlıǵın ótkerip, olardı azaplarǵa saladı. Olardı Gúlsharanıń eki qabat ekenligin seziwden baslap óshpenlik, qızǵanshaqlıq sezimleri biylewi, waqıyanıń rawajlanıwında belgili orındı iyeleydi.

Olardıń dúnyaǵa keliwi menen ornına pıshıqtıń, iyttiń balasın qoyıw, suw túbine taslanıwı, suwdıń astında bir neshe kúnge shekem ólmewi, kiyik óz balasınday bir neshe kún emizip saqlawı qaraqalpaq erteklerindegi ayırım waqıyalarǵa uqsas ekenligin dástandı oqıw arqalı sezemiz.

«Sharyar» dástanı keń hám hár tárepleme erteklik usılda sóz etiledi. Sháryardıń Búlbilgoya menen aytısıwı h.t.b. waqıyalar qızıqlı epizodlar menen berilgen.

Sháryar dúnyaǵa keliwi, onı Shasıuwardıń bala etip saqlawı, Shasıuwar da qudaydan perzent sorap, kúni-túni tilegende bermegenin, oylamaǵan jerden Qaramannıń eki birdey perzentti tawıp alıp Shasıuwarǵa alıp keliwi, ǵayıptan tabılǵan Balanı óz balasınday etip asırap saqlawı kópshilik dástanlarda ushırasadı. Sebebi, bunday waqıyalar xalıqtıń turmısı menen tıǵız baylanısqan.

Dástannıń syujetinde jáne bir qızıqlı waqıyalardıń biri Sharyardıń atı – Jahangirge baylanıslı qurılǵan. Jahangir bul ańızlardaǵı Sulayman patshanıń atı. Jahangir Sharyardıń tuwılǵanınan baslap, olarǵa ǵamxor dos sıpatında berilgen. Sháryar menen Ánjimdi tawdıń basına alıp barıp óltirmekshi bolǵanda, bir qorqınıshlı dawıs penen «Shalma xannıń balasın, buzba xannıń qalasın, házir seni jutıp jiberemen» dep abay qılıp qulshınıp baqırǵan da Jahangir at edi. Olardı suw túbine taslaǵanda da ǵamxorlıq etedi. Olarǵa kiyik bolıp sút emizedi, Sharyar, Ánjim dep atların da qoyadı. Bunnan basqa Jahangir Ánjim menen kelip tas bolıp qalǵan Sharyardı Búlbilgoyanıń duzaǵınan aman alıp qaladı, Darapshanıń toyına barıp ákesi menen Sharyardıń tanısıwına da, anası Gúlsharanı ushıratıwına da sebepshi boladı. Ulıwma, Jahangir dostısı isley almaytuǵın jaqsılıqlardı, olarǵa isleydi.

Bul Jahangirdiń Sharyar menen Ánjimge islegen jaqsılıǵı, olarǵa etkin ǵamxorlıǵı mehiri jaqsı dos sıpatında ǵana emes, analıq, atalıq ta ǵamxorlıǵı bolıp esaplanadı.

Jahangirdiń bul is-háreketleri adamlardıń dúnyaǵa kóz qarası hám isenimlerinen kelip shıqqan syujetler bolıp, ol tek shabısta ozıp keliwshi tulparı ǵana bolıp qoymaydı. Bunday qúdretli isler sadıqlıqtıń, doslıqtıń, mártliktiń belgileri bolıp sanaladı.

Dástanda jáne bir qızıqlı waqıya bul Sharyardıń tas bolıp qatıp qalıwı, duwanıń kúshi menen adam qálpine keliwi hám tağı basqa qubılıslar diniy kóz-qarastan ıqsham etip berilgenligi awız eki dóretpelerine tán bolǵan nárse.

Qaraqalpaq dástanlarındağı jáne bir belgilerden tuwısqanlıq járdem beriw. Ánjim óz aǵasına járdem etedi. Búlbilgoyanı jeńip aǵasın tiriltedi.

«Sharyar» dástanınıń syujetindegi jáne bir waqıya ayralıq bolıp, Sharyar menen ata-anasınıń kóp waqıtqa deyin kórispewi. Bunday epizodlar barlıq dástanlarda boladı, biraq hár qaysısında hár qıylı berilgen.

Dástanda dushpanshılıq etken kúnlesler dástan sońında óz jazaların alǵanlıǵın kóremiz.

«Sharyar» dástanındağı syujetler qurılısındağı uqsaslıqlar menen ózgeshelikler, súwretleniw usıllarına qaray berilgenligin kóremiz. Dástannıń syujetlik qurılısı menen ideyası bolsa kórkemlik ózgeshelikleri menen tığız baylanıslı. Syujet qurılısındağı bir neshe ret tákrarlanıp keletuǵın orınlar atqarıwshı jırawdıń sheberliklerine qaray beriledi. Syujettiń sulıwlıǵın, dástannıń kórkemligi xalıq tiliniń bay sheber paydalanıw nátiyjesinde ideya kórkem túrde súwretlenedi. «Sharyar» dástanınıń syujetlik qurılısı erteklik jobada qurılǵan júdá sulıw til ózgeshelikleri de sheber berilgen.

Basqa dástanlardağı sıyaqlı dástúriy súwretlniw «Sharyar» da mástan kempir unamlı obrazǵa qarama-qarsı beriledi. Sonday-aq Gúlsharanıń tandır basındağı xanlardan nan sorawı, h.t.b. dástúriy súwretlewler óz ózgeshelikleri menen berilgen. Qaraqalpaq dástanlarında tuwılǵan nárestege at qoyıw dástúriy úrip-ádetlerden bolıp, dástanlarda turmıstağıday ańsat ǵana qoyılmaydı. Arnawlı túrde adam izlep, onıń shártli túrde aqsaqalı, sállesi, iynin jawıp turǵan jándesi, qolında uzın hasası bolıwı kerek. Bul perzenttiń atın jası úlken adamlardıń qoyıwı dástúri bolıp qáliplesken. Onıń balaǵa at qoyıp kózden ǵayıp bolıp ketiwi júdá qızıqlı.

«Sharyar» dıń syujetlik qurılısındaǵı usınday dástúriy uqsaslar basqa dástanlardaǵıday, súwretleniw ózgesheliklerine qaray erteklik motivler menen berilgen. Mısalı kekilleriniń altınnan, birewi ay, birewi kún bolıp kóriniwi, balalardıń suw túbinde ólmewi, mástan kempir menenxanımlardıń hiyleleri, tábiyat kórinisleri bolǵan suwdıń, tastıń shóllerdiń tilge keliwi, haywanlardıń sonıń ishinde attıń adamday qubılıslardı seziwi, adamnıń duwanıń kúshi menen tasqa aylanıwı, duwanıń kúshi menen qalalardıń kóshiwi h.t.b. tolıp atırǵan waqıyalar «Sharyar» dástanında kórkem etip sheber berilgen. Bunday waqıyalardıń dóreliwi xalıqtıń arzıw-ármanları tilek-maqsetleri, dúnyaǵa kóz-qarasları nátiyjesinde keleshekke úmit penen qarawı bolıp esaplanadı.

«Sharyar» dástannıń syujetlik qurılısı jaǵınan qaraqalpaq dástanlarıń ishinde erteklerden paydalanıw jolı menen dóretiwshiler milliy shıǵarmaǵa aylandırǵan dástan sıpatında kózge túsedi.

«Sháryar» dástanınıń syujetlik aǵımında basqa qaraqalpaq dástanlarına uqsaslıq bar. Xalıq erteklerindegidey ájayıp qıyalıy hádiyseler perzentlerdiń biri ay, biri kún bolıp kóriniwi, balalardıń suw astında nabıt bolmawı, hiyleker mástan kempir, patshanıń, kúndes hayalları, taw-tasqa, suwǵa, shólge til pitiwi, jer astındaǵı patshalıq, jılanlardıń adam kelbetine eniwi, duwanıń káramatı qalalardıń kóship júriwi hám t.b. Bunday elementler «Sháryar» dástanınıń basınan ayaǵına shekem tolıp atır. Ol qaraqalpaq jırawları tárepinen bir neshe júz jıllar dawamında jırlanıw arqalı jetilistirilgen hám shın mánisindegi xalıq poeziyasınıń úlgisine aynalǵan.

«Sháryar» dástanını menen sabaqlas ápsana-ańızlar, qıyalıy ájayıp ertekler, fantastikalıq gúrrińler, kishgirim dástan-poemalar basqa xalıqlardıń awız-eki dóretiwshiliginde de ushırasadı. Máselen, qazaqlardıń «Muńlıq-zarlıq», ózbeklerdiń «Xasan hám Zuxra», «Ayjamal» ertekleri, «Ádilxan», «Shiyrin-

sheker» dástanları usınday dóretpelerdiń qatarına qosıladı. Orıslardıń İlya Muromets haqqındağı ańızları qaraqalpaq xalıq awızeki dóretpeleri menen únles. Biraq olardıń hámmesi tek kishkene kólemde bolıp, «Sháryar» dástanınday úlken poetikalıq dóretpe dárejesine kóterile alğan joq. Hátteki A.S.Pushkinniń «Saltan patsha haqqında ertek» poeması mazmunı jağınan «Sháryar» dástanınına sabaqlas bolsa da turmıstı jan-jaqlı epikalıq súwretlewde, ájayıp fantastikalıq usıllarda paydalanıw múmkinshiliklerinde onnan asıp túse almaydı. «Sháryar» dástanınıń ideyası oğada tereń. Ol jamanlıq penen jaqsılıqtıń pitpeytuğın gúresi. Lekin barlıq waqıtta jaqsılıq jamanlıqtan ústin kele beredi. Demek, jaqsılıqtıń tárepdarları kóp. Jaqsılıq penen jamanlıqtıń tartıslı háreketleriniń háwijge minip shığıw shegi «Sháryar» dástanında aytılajaq pikirlerdiń barlıq kórinisin kóz aldımızğa keltiredi:

Ánjim ağasın izlep kiyatırıp, jolda aq jılan menen qara jılannıń ayqasıp atırğanın kóredi.

On bes kún júzi boladı,
Mezgilxana barma dep,
Ol aldına qaradı,
Bul aldına qarasa,
Bir aq minar,bir kók minar,
Duman kibi Ánjimniń
Ol kózine kórinedi.

Áne, Ánjim bul minarağa júris etti..

Jáne bir kún jol júrdi, tawlardı, qumdı aralap, eki tawdıń bándirgisi, bándirgige keledi. Endi ańlap qarasa:

Aq marı degen aq jılan,
Kók marı degen qara jılan,
Bul jılanğa qarasa,

Jup jıǵası basında,

Patshalıq lipas ústinde,

Nókeri hám patsha eken.

Bunıń urısıp atırǵanın Ánjim bildi. Qara marı qolında aq marı ázzi kelipti. Aq marı óler halǵa kelipti. Ánjim bunı kórdi. Turıp endi oylandı. Qádimnen Qalǵan sóz edi.Burıngınıń naqılı "óziń jolawshı bolsań, jol ústinde eki adam urısa qoysa,sál ázzi kelgenine kómek ber" degen sóz bar edi. "Eki adam bir adamnıń tańrisi" degen sóz bar. Qolıma qanjar alayın, qara marını aylanıp,aq marıǵa kómek bereyin degen qıyal payda boldı. Áne kelip Ánjim qara marıǵa qaray qanjar urdı. Qara marını Ánjim óltirdi.Qara marı kápir perisiniń patshası edi. Áne aq marı qara marınıń dásti-nen qutıldı.

Eger aq marı jeńilgende,"Sháryar" dástanınıń aqıbeti qayǵılı túrde tamam bolar edi. Sonıń saldarınan Ánjim jez tırnaq zalım qus Búlbilgoyanı jeńe almaǵan bolar edi. Lekin onday bolmaydı. İnsaniyat túsinigi boyınsha qanday jaǵday bolsa da jaqsılıq jamanlıqtı jeńip shıǵadı.

Qaraqalpaq eposlarınıń mazmunında orın alatuǵın usınday miflik elementler eski mifologiyalıq tásirden payda bolıp, epostıń quramına ajıralmas dárejede enip ketken. Kópshilik qaraqalpaq eposlarınıń mazmunına ser salıp qarasaq, onıń baslanıwınan-aq miflik sıpat iyeleytuǵınlıǵın kóremiz. Máselen "Edige"dástanında Edige kepter kepindegi peri qızdan tuwıladı. Mine, bunday sıpat ata-teklerin ań-quslarǵa aparıp ushlastırıw totemlik miflerdiń kórinisi bolıp tabıladı. "Totemlik dinler İslamǵa deyingi budparast arablarda da bolǵan , Orta Aziya xalıqları arasında da bolǵan. Onıń qaldıqları sahra xalıqlarında hátte İslam ornaǵannan keyin de ómir súriwin toqtatpgan.Bul ideologiya bolsa ,óz gezeginde ózine ılayıq ruwxıy dúnyanı-mifti keleptirip shıǵarǵan.Mine, quslarǵa

totemlik sıpat beriw dástúrleriniń kórinisi "Edige" dástanında da saqlanıp qalǵanlıǵı sebebi usı.

"Qoblan" dástanında Qoblannıń anası Bozkempir jolbarıstıń júregine jerik boladı.

"Máspatshá' dástanında da usı detal qaytalanadı.Mine bulardıń barlıǵı aqıldan dóregen qıyallar arqalı jasalǵan epizodlar.Bunıń tiykarǵı sebebi qaysı bir dástandı alıp qaramayıq onıq qaharmanları basqalardan púkilley basqasha ayrıqsha etip korsetiledi. qaraqalpaq eposlarındaǵı shártli qublıs bolıp tabıladı. Biz joqarıdaǵı sóz etken epos qaharmanlarına da sol shártlilik miflik sıpatlar berilgen bolsa itimal.

Qaharmanlardıń bunday hádden tıs qúdretli bolıwınıń tiykarǵı sebebi bul dástandı dáslepki atqarıwshılardıń qaharmanlar tárepinde turıp olardıń máplerin qorǵaydı.

Sháriyar dastanında Ánjim menen Sháriyar kiyikten Edige dástanında Edige shorı suti menen awızllanadı. Ánjim menen Sháriyar kiyikten awızllanıw detallın totemizm qaldıqları dep baha beriwimiz kerek.

Endi qaharmanlarǵa at qoyıw máselesine kelsek, olardıń atların qolına sırlı hasa uslaǵan, ǵayıptan házir bolǵan bir qálender pir qoyıp, kózden ǵayıp boladı. «Qoblan», «Máspatsha», «Sháryar» dástanlarında ballardıń atların Qızır İlyas qoyadı. Demek, balalarǵa at qoyılıw motivinde de diniy tásir ayrıqsha kórinedi. Al, «Edige» dástanında balanıń atın Qızır İlyas piri qoyıw detalı ushıraspaydı.

«Sháryar» dástanında dinniń tásiri kóplep ushırasıp otıradı. Máselen, Sháryardıń Búlbilgóyadan jeńilip tas bolıp qatıp qalıwı, Ánjimniń Búlbilgóyanı duwa aytısıp jeńiwinde dinniń tásiri kórinip otıradı. Adamnıń tasqa yamasa basqa nárselerge aylanıp ketiwi Allanıń isi, Qudaytalanıń qúdireti dep esaplanǵan. Al, Sháryardıń qaytadan adam qálpine keliwi

dástandı dóretiwshiler menen tıńlawshılardıń dúnya tanıwı, diniy isenimleri menen baylanıslı bolǵanlıqtan, onnan qosa «duwa» túsiniginde qosqanlıǵın kóriwge boladı. Dástanda Sháryardıń tas bolıp qatıp qalıwı hám qaytadan adam qálpine keliwi adamlardıń eski magiyalıq isenimi-sózlerdiń kúshi, sıyqır menen ámelge asırıladı.

Quslar, haywanlar menen sóylesiw kópshilik qaraqalpaq dástanlarında ushıraydı. Ásirese, bul «Sháryar» dástanında hár tárepleme erteklik baǵdarda sóz etiledi.

«Sháryar» dástanındaǵı Sháryardıń Búlbilgóya menen aytısı tuwralı Q.Maqsetov bılay dep jazadı: «Sháryardıń Búlbilgóya menen aytısı geypara diniy qabırshaqların alıp taslaǵanda, adamnıń tábiyat qarım-qatnasıqlarına qarsı gúreslerinen geypara jaqların óz ishine aladı. Biraq aytıwshılardıń pikirinshe diniy tásir ádewir elestirerlik túrde sóz boladı».

«Edige» dástanında Edige menen Qara Tıyın Álip dáwdiń kepter kelbetindegi peri anaları bılayınsha sóylesedi: «Shıraǵım, dúnyanıń tórt burıshına ushıp barıp qonbaǵan tawım joq. Gezbegen jolım joq. Dúnyanıń júzinde mendey dáw tuwǵan peri kórdiń be?-dep sawal qoyǵan eken. -»Anajan balam dáw dep maqtanba. Noǵaylınıń halqında bay terektiń túbinde, mennen jetim bala qaldı. Kamalına jetisse, dáwińdi arqalap ketedi,-dep maqtanǵan eken..?»

«Edige» dástanında Edige Qara Tıyın Álip dáw menen teń etip kórsetiledi. Bulay bolıwınıń tiykarǵı sebebi dástandı dáslepki dóretiwshilerdiń Edigeniń atına qaharmanlıqtı, qúdiretlilikti baylanıstırıwdan bolıp esaplanadı.

«Sháryar» dástanında tawdıń, tastıń, shóldiń, sóylew motivleri ushırasadı. Biz bul motivlerge shamanizm qaldıqları dep baha beriwimiz kerek.«Tábiyattaǵı dúnyanıń bári birdey degen eski miflik sana álemge

janlı hám jansız, óli menen tiri nárseni anıq jiklemewden kelip shıqqan. Bul túsinik miflik sanaǵa tán animizmdi yaǵnıy dúnyadaǵı nárseniń báriniń janı bar degen isenimdi keltirip shıǵarǵan». «Sháryar» dástanında jer astı patshalıǵı haqqında  sóz boladı. Bul kópshilik Qaraqalaq qıyalıy erteklerinde ushırasıp otıratuǵın motiv bolıp esaplanadı.

Túrkiy xalıqlar eposlarında jaqsılıq hám jawızlıq haqqındaǵı túsinikler óz ara uqsas. Eń kóp jıyılǵan ápsana Erlik xan haqqındaǵı mif bolıp, Erlik xan túrli kesapatlardı jer astınnan jawız ruhlar bolıp esaplanǵan dáwlar, jin-shaytanlar, túrli jabayı haywanlar tarqatadı.

Sháryar dástanındaǵı  jer astı patshalıǵı hám Erlikxan dunyası uqsas. Bul demek túrkiy xalıqlardıń jawızlıq hám jawız kúshler xaqqındaǵı miflik túsinikler bir-birine jaqın, tiykarǵı shıǵısı bir ekenliginen derek beredi.

Biz joqarıda kórip ótken detallardan basqada miflik motivlerdi kóplep keltiriwimiz múmkin. Ulıwma juwmaqlastırıp aytqanda, miflik motivlerdiń joqarıda kórip ótken dástanlarda isletiliwiniń tiykarǵı sebepleri-birinshiden, sol dástandı dóretken xalıqtıń atqarıwshılardıń sanasındaǵı eski miflik sana qaldıqlarına baylanıslı kelip shıqqan bolsa, ekinshiden qaharmanlıq dástanlarǵa tán epikalıq dástúrleri sıpatında kelip shıqqan.

Dástan syujetlik qurılısı menen qatar kompozitsiyası, til qurılısı jaǵınan qaraqalpaq dástanlarınıń ishindegi eń ayrıqshalarınıń biri.

«Sharyar» dástanınıń kompozitsiyası ondaǵı waqıyalardıń birden shiyelenisip rawajlanıwı sheber qurılǵan. Dástandaǵı hár bir detal, hár bir personaj obrazı retinde belgili ideyalı bildiriw menen qatar belgili kompozitsiyalıq xızmette atqaradı. Dástannıń kompozitsiyasına zıyan keltirmesten ondıǵı hesh bir personajdı dástannan shıǵarıp taslawǵa bolmaydı. Eger shıǵarıp taslansa, onda pútin dástannıń kompozitsiyası buzıladı. Máselen, dástandaǵı mástan kempir obrazın ideyalıq

jaqtan jawızlıqtıń wákili retinde súwretlense, kompozitsiyalıq jaqtan waqıyanıń baylanısı retinde Gúlsharanıń zindanǵa túsiwine, azap-aqıretke duwshar bolıwında sebepshi retinde kirgizilgen.

Eger mástan kempirdi dástannan alıp taslasaq onda dástandaǵı 9 xanımda járdem beretuǵın hám barlıq waqıyanıń baylanısınıń shiyelenisiwi buzılıp isenimsiz qurılıwı múmkin bolar edi.

Dástandaǵı taǵı bir ayrıqshalıq adamlardıń ishki sezimleri, dúnyaǵa kóz qarası, psixologiyasın sheber súwretlewden ibarat. Qaharmanlardıń quwanıshınıń kúyinishke aylanıwı, qayǵı-hásiretleriniń shadlıq quwanıshlarǵa aylanıwları kúshli berilgen.

«Sharyar» dástanınıń qurılısındaǵı waqıyalar kútá qızıqlı berilgen. Ásirese perzentke degen mehir-muhabbat, tereń súyiwshilik, adamlarǵa xúrmet ádillik penen zulımlıqtıń gúresi shıǵarmadaǵı waqıyalardıń tiykarın quraydı. Bul waqıyalar bir-biri menen baylanısta berilgen, bir nárege ekinshi bir nárse bolıp, waqıyalar shiyelenisip, rawajlanıp otıradı. Darapsha el aralap ketedi, Gúlshara awır jaǵdayǵa duwshar bolıp qaladı.Buǵan sebep, olardıń perzentsizligi hám de shıǵıllardıń hiylesine túsip qalıwı, kúnlesleriniń jamanlıǵı. Sharyardıń uzaq saparǵa elden shıǵıp ketiwine mástan kempir sebepshi boladı. Mine, usınday tolıp atırǵan waqıyalar bir-birine baylanısqan halda rawajlanıp, shiyelenisip hám sheshimin tawıp otıradı.

Dástandaǵı óz kórinisin tapkan usınday waqıyalardıń bir-biri menen baylanıslı, dástannıń syujetin dúzgen hám belgili izbe-izlikte rawajlanıp, waqıyalar kompozitsiyalıq jaqtan tártipke keltirilgenligin dástandı oqıw arqalı bayqaysız.

Dástannıń qurılısı ıqsham, qısqa-qısqa waqıyalardı óz ishine alıw menen birge dara turǵanda túsiniwde qıyınshılıqlarǵa alıp keledi, sebebi, waqıyalar bir-biri menen tutasıp baylanısqan.

«Sharyar» dástanınıń qurılısındaǵı waqıyalardı qosıq qatarları menen birge qara sózler arqalı aralastırıp bergen.

Qara sózler bir neshe orınlarda óz-ara uyqasqa túsip, bir waqıyadan ekinshisine ótiw ushın xızmet etedi.

Dástan xalıqqa túsinikli, kórkem hám ıqsham etip berilgen. Teńew, epitet, metafora, giperbola h.t.b. kórkemlew quralların orınlı paydalanılǵan.

Dástanda pikirdiń eselep kúsheytip beriliwi, salıstırıwlar sheber berilgen.

Qarshıǵa qustıń balası,
Qayında bolar uyası,
Qayın túbin jel qaqsa,
Qayǵıda bolar anası,
İytelgi qustıń uyası,
Shegende bolar balası,
Shegen túbin jar qaqsa,
Qayǵırmay ma eken anası?!
Jılqıshı qustıń uyası
Jılǵada bolar balası
Jılǵa túbin suw alsa
Qayǵırmay ma eken anası?[3]

Bul qatarlar Gúlsharanıń Darapshaǵa aytqan sózinen úzindi. Bunnan ul-qızınan ayırılǵan ananıń hásretin seziwimizge boladı. Dástanda pikirlerdi obrazlı etip beretuǵın teńewlerdiń úlgiler oǵada kóp.

Jawırınları qaqpaqtay,
Shashbawları toqpaqtay,
Basarına erilgen,
Ór tekedey kerilgen,

---

[3] «Шарьяр» XIII Н-1984ж.181-бет.

Qarday etti, qanday beti,
Adamzattı órtegen.
On tórtten tuwǵan ayday
Tomaǵalı qumayday,
Artıqmash sulıw qız edi.[4]

«Sharyar» dástanınıń syujetlik qurılısı, qızıqlı waqıyalarǵa bay sheber qurılǵan. Dástannıń kompozitsiyası túrli kórkemlik penen súwretlewde dástúrli rán-báreńlikte sheber qollanılǵan.

Dástannıń syujetlik qurılısı júdá kuramalı bolıp ayırım qaraqalpaq dástanları «Alpamıs», «Qoblan» dástanlarınıń syujetlik qurılısınan ádewir dárejede ózgesheliklerge iye ekenligin kóremiz, ayırım waqıyalardıń geypara belgilerinde uqsaslıqlardıń da bar ekenligin bayqawmızǵa boladı.

Qaraqalpaq dástanlarınıń kópshiligine tán perzentsizlik, «bir tırnaqqa zar» bolıw teması «Sháryar» dástanınıń syujetlik qurlısınan ibarat. Waqıyalardıń izbe-izligi, sol dáwirdegi xalıqtıń arzıw-ármanları, bay adamlardıń da kemshilikleri, olardıń da qayǵı-hásiretiniń barlıǵı dóretiwshiler kóz-qarasınan xalıqqa túsinikli, anıq etip berilgenligin kóremiz. Sebebi, dástannıń dóreliw dáwirinde adamlardıń dúnya qarasları da, házirgi dáwirden parıqlanadı.

Dástandaǵı tiykarǵı waqıyanıń baslanıwı da perzentsizlik qayǵısı bolıp, izbe-iz baylanısıp baradı. Árman etken perzenti dúnyaǵa keledi. Biraq, jawızlıq húkim súrip, qaharmannıń dúnyaǵa keliwi, erjetiwi, óz ata-anasınıń qushaǵınan ayra túsip giriptarlıqqa qusaǵan izbe-iz waqıyalar dástannıń tiykarın quraydı. «Sháryar» dástanında perzentsizlik ótkir qayǵılı waqıyalar menen berilgen.

Sháryar menen Ánjimniń dúnyaǵa keliwinen xabar tapqan kúnles xanım Gúlsharanıń tolǵaǵın esikten ańlap-sıǵalap, mástan kempirge tillalar berip

[4] Қарақалпақ фольклоры Н.1984 XIII т.163-бет

jawızlığın ótkerip, olardı azaplarǵa saladı. Olardı Gúlsharanıń eki qabat ekenligin seziwden baslap óshpenlik, qızǵanshaqlıq sezimleri biylewi, waqıyanıń rawajlanıwında belgili orındı iyeleydi.

Olardıń dúnyaǵa keliwi menen ornına pıshaqtıń, iyttiń balasın qoyıw, suw túbine taslanıwı, suwdıń astında bir neshe kúnge shekem ólmewi, kiyik óz balasınday bir neshe kún emizip saqlawı qaraqalpaq erteklerindegi ayırım waqıyalarǵa uqsas ekenligin dástandı oqıw arqalı sezemiz.

«Sharyar» dástanı keń hám hár tárepleme erteklik usılda sóz etiledi. Sháryardıń Búlbilgoya menen aytısıwı h.t.b. waqıyalar qızıqlı epizodlar menen berilgen.

Sháryar dúnyaǵa keliwi, onı Shasıuwardıń bala etip saqlawı, Shasıuwar da qudaydan perzent sorap, kúni-túni tilegende bermegenin, oylamaǵan jerden Qaramannıń eki birdey perzentti tawıp alıp Shasıuwarǵa alıp keliwi, ǵayıptan tabılǵan Balanı óz balasınday etip asırap saqlawı kópshilik dástanlarda ushırasadı. Sebebi, bunday waqıyalar xalıqtıń turmısı menen tıǵız baylanısqan.

Dástannıń syujetinde jáne bir qızıqlı waqıyalardıń biri Sharyardıń atı – Jahangirge baylanıslı qurılǵan. Jahangir bul ańızlardaǵı Sulayman patshanıń atı. Jahangir Sharyardıń tuwılǵanınan baslap, olarǵa ǵamxor dos sıpatında berilgen. Sháryar menen Ánjimdi tawdıń basına alıp barıp óltirmekshi bolǵanda, bir qorqınıshlı dawıs penen «Shalma xannıń balasın, buzba xannıń qalasın, házir seni jutıp jiberemen» dep abay qılıp qulshınıp baqırǵan da Jahangir at edi. Olardı suw túbine taslaǵanda da ǵamxorlıq etedi. Olarǵa kiyik bolıp sút emizedi, Sharyar, Ánjim dep atların da qoyadı. Bunnan basqa Jahangir Ánjim menen kelip tas bolıp qalǵan Sharyardı Búlbilgoyanıń duzaǵınan aman alıp qaladı, Darapshanıń toyına barıp ákesi menen Sharyardıń tanısıwına da, anası Gúlsharanı ushıratıwına da sebepshi boladı. Ulıwma, Jahangir dostısı isley almaytuǵın jaqsılıqlardı, olarǵa isleydi.

Bul Jahangirdiń Sharyar menen Ánjimge islegen jaqsılıǵı, olarǵa etkin ǵamxorlıǵı mehiri jaqsı dos sıpatında ǵana emes, analıq, atalıq ta ǵamxorlıǵı bolıp esaplanadı.

Jahangirdiń bul is-háreketleri adamlardıń dúnyaǵa kóz qarası hám isenimlerinen kelip shıqqan syujetler bolıp, ol tek shabısta ozıp keliwshi tulparı ǵana bolıp qoymaydı. Bunday qúdretli isler sadıqlıqtıń, doslıqtıń, mártliktiń belgileri bolıp sanaladı.

Dástanda jáne bir qızıqlı waqıya bul Sharyardıń tas bolıp qatıp qalıwı, duwanıń kúshi menen adam qálpine keliwi hám taǵı basqa qubılıslar diniy kóz-qarastan ıqsham etip berilgenligi awız eki dóretpelerine tán bolǵan nárse.

Qaraqalpaq dástanlarındaǵı jáne bir belgilerden tuwısqanlıq járdem beriw. Ánjim óz aǵasına járdem etedi. Búlbilgoyanı jeńip aǵasın tiriltedi.

«Sharyar» dástanınıń syujetindegi jáne bir waqıya ayralıq bolıp, Sharyar menen ata-anasınıń kóp waqıtqa deyin kórispewi. Bunday epizodlar barlıq dástanlarda boladı, biraq hár qaysısında hár qıylı berilgen.

Dástanda dushpanshılıq etken kúnlesler dástan sońında óz jazaların alǵanlıǵın kóremiz.

«Sharyar» dástanındaǵı syujetler qurılısındaǵı uqsaslıqlar menen ózgeshelikler, súwretleniw usıllarına qaray berilgenligin kóremiz. Dástannıń syujetlik qurılısı menen ideyası bolsa kórkemlik ózgeshelikleri menen tıǵız baylanıslı. Syujet qurılısındaǵı bir neshe ret tákrarlanıp keletuǵın orınlar atqarıwshı jırawdıń sheberliklerine qaray beriledi. Syujettiń sulıwlıǵın, dástannıń kórkemligi xalıq tiliniń bay sheber paydalanıw nátiyjesinde ideya kórkem túrde súwretlenedi. «Sharyar» dástanınıń syujetlik qurılısı erteklik jobada qurılǵan júdá sulıw til ózgeshelikleri de sheber berilgen.

Basqa dástanlardaǵı sıyaqlı dástúriy súwretlniw «Sharyar» da mástan kempir unamlı obrazǵa qarama-qarsı beriledi. Sonday-aq Gúlsharanıń tandır basındaǵı xanlardan nan sorawı, h.t.b. dástúriy súwretlewler óz ózgeshelikleri menen berilgen. Qaraqalpaq dástanlarında tuwılǵan nárestege at qoyıw dástúriy úrip-ádetlerden bolıp, dástanlarda turmıstaǵıday ańsat ǵana qoyılmaydı. Arnawlı túrde adam izlep, onıń shártli túrde aqsaqalı, sállesi, iynin jawıp turǵan jándesi, qolında uzın hasası bolıwı kerek. Bul perzenttiń atın jası úlken adamlardıń qoyıwı dástúri bolıp qáliplesken. Onıń balaǵa at qoyıp kózden ǵayıp bolıp ketiwi júdá qızıqlı.

«Sharyar» dıń syujetlik qurılısındaǵı usınday dástúriy uqsaslar basqa dástanlardaǵıday, súwretleniw ózgesheliklerine qaray erteklik motivler menen berilgen. Mısalı kekilleriniń altınnan, birewi ay, birewi kún bolıp kóriniwi, balalardıń suw túbinde ólmewi, mástan kempir menenxanımlardıń hiyleleri, tábiyat kórinisleri bolǵan suwdıń, tastıń shóllerdiń tilge keliwi, haywanlardıń sonıń ishinde attıń adamday qubılıslardı seziwi, adamnıń duwanıń kúshi menen tasqa aylanıwı, duwanıń kúshi menen qalalardıń kóshiwi h.t.b. tolıp atırǵan waqıyalar «Sharyar» dástanında kórkem etip sheber berilgen. Bunday waqıyalardıń dóreliwi xalıqtıń arzıw-ármanları tilek-maqsetleri, dúnyaǵa kóz-qarasları nátiyjesinde keleshekke úmit penen qarawı bolıp esaplanadı.

«Sharyar» dástannıń syujetlik qurılısı jaǵınan qaraqalpaq dástanlarıń ishinde erteklerden paydalanıw jolı menen dóretiwshiler milliy shıǵarmaǵa aylandırǵan dástan sıpatında kózge túsedi.

Dástan syujetlik qurılısı menen qatar kompozitsiyası, til qurılısı jaǵınan qaraqalpaq dástanlarınıń ishindegi eń ayrıqshalarınıń biri.

«Sharyar» dástanınıń kompozitsiyası ondaǵı waqıyalardıń birden shiyelenisip rawajlanıwı sheber qurılǵan. Dástandaǵı hár bir detal, hár bir personaj obrazı retinde belgili ideyalı bildiriw menen qatar belgili kompozitsiyalıq xızmette

atqaradı. Dástannıń kompozitsiyasına zıyan keltirmesten ondıǵı hesh bir personajdı dástannan shıǵarıp taslawǵa bolmaydı. Eger shıǵarıp taslansa, onda pútin dástannıń kompozitsiyası buzıladı. Máselen, dástandaǵı mástan kempir obrazın ideyalıq jaqtan jawızlıqtıń wákili retinde súwretlense, kompozitsiyalıq jaqtan waqıyanıń baylanısı retinde Gúlsharanıń zindanǵa túsiwine, azap-aqıretke duwshar bolıwında sebepshi retinde kirgizilgen.

Eger mástan kempirdi dástannan alıp taslasaq onda dástandaǵı 9 xanımda járdem beretuǵın hám barlıq waqıyanıń baylanısınıń shiyelenisiwi buzılıp isenimsiz qurılıwı múmkin bolar edi.

Dástandaǵı taǵı bir ayrıqshalıq adamlardıń ishki sezimleri, dúnyaǵa kóz qarası, psixologiyasın sheber súwretlewden ibarat. Qaharmanlardıń quwanıshınıń kúyinishke aylanıwı, qayǵı-hásiretleriniń shadlıq quwanıshlarǵa aylanıwları kúshli berilgen.

«Sharyar» dástanınıń qurılısındaǵı waqıyalar kútá qızıqlı berilgen. Ásirese perzentke degen mehir-muhabbat, tereń súyiwshilik, adamlarǵa xúrmet ádillik penen zulımlıqtıń gúresi shıǵarmadaǵı waqıyalardıń tiykarın quraydı. Bul waqıyalar bir-biri menen baylanısta berilgen, bir nárege ekinshi bir nárse bolıp, waqıyalar shiyelenisip, rawajlanıp otıradı. Darapsha el aralap ketedi, Gúlshara awır jaǵdayǵa duwshar bolıp qaladı.Buǵan sebep, olardıń perzentsizligi hám de shıǵıllardıń hiylesine túsip qalıwı, kúnlesleriniń jamanlıǵı. Sharyardıń uzaq saparǵa elden shıǵıp ketiwine mástan kempir sebepshi boladı. Mine, usınday tolıp atırǵan waqıyalar bir-birine baylanısqan halda rawajlanıp, shiyelenisip hám sheshimin tawıp otıradı.

Dástandaǵı óz kórinisin tapkan usınday waqıyalardıń bir-biri menen baylanıslı, dástannıń syujetin dúzgen hám belgili izbe-izlikte rawajlanıp, waqıyalar kompozitsiyalıq jaqtan tártipke keltirilgenligin dástandı oqıw arqalı bayqaysız.

Dástannıń qurılısı ıqsham, qısqa-qısqa waqıyalardı óz ishine alıw menen birge dara turǵanda túsiniwde qıyınshılıqlarǵa alıp keledi, sebebi, waqıyalar bir-biri menen tutasıp baylanısqan.

«Sharyar» dástanınıń qurılısındaǵı waqıyalardı qosıq qatarları menen birge qara sózler arqalı aralastırıp bergen.

Qara sózler bir neshe orınlarda óz-ara uyqasqa túsip, bir waqıyadan ekinshisine ótiw ushın xızmet etedi.

Dástan xalıqqa túsinikli, kórkem hám ıqsham etip berilgen. Teńew, epitet, metafora, giperbola h.t.b. kórkemlew qurallarınan orınlı paydalanılǵan.

Dástanda pikirdiń eselep kúsheytip beriliwi, salıstırıwlar sheber berilgen.

Qarshıǵa qustıń balası,
Qayında bolar uyası,
Qayın túbin jel qaqsa,
Qayǵıda bolar anası,
İytelgi qustıń uyası,
Shegende bolar balası,
Shegen túbin jar qaqsa,
Qayǵırmay ma eken anası?!
Jılqıshı qustıń uyası
Jılǵada bolar balası
Jılǵa túbin suw alsa
Qayǵırmay ma eken anası?[5]

Bul qatarlar Gúlsharanıń Darapshaǵa aytqan sózinen úzindi. Bunnan ul-qızınan ayırılǵan ananıń hásretin seziwimizge boladı. Dástanda pikirlerdi obrazlı etip beretuǵın teńewlerdiń úlgiler oǵada kóp.

Jawırınları qaqpaqtay,

---

[5] «Шарьяр» XIII Н-1984ж.181-бет.

Shashbawları toqpaqtay,
Basarına erilgen,
Ór tekedey kerilgen,
Qarday etti, qanday beti,
Adamzattı órtegen.
On tórtten tuwǵan ayday
Tomaǵalı qumayday,
Artıqmash sulıw qız edi.[6]

«Sharyar» dástanınıń syujetlik qurılısı, qızıqlı waqıyalarǵa bay sheber qurılǵan. Dástannıń kompozitsiyası túrli kórkemlik penen súwretlewde dástúrli ráń-báreńlikte sheber qollanılǵan.

---

[6] Қарақалпақ фольклоры Н.1984 XIII т.163-бет

## 2.2.Dástanınıń kórkemlik ózgeshelikleri

Qaraqalpaq xalıq dástanlarınıń sonıń ishinde «Sharyar» _ dástanınıń kórkemlik ayrmashılıqları onıń ideyalıq bağdarı menen tığız baylanıslı. Dástandağı qaharmanlar obrazı adamdı tań qaldıratuğın kórkemlik usılda dóretiledi.

«Sharyar» dástanınıń kórkemlik ózgesheligi ondağı qaharmanlar obrazınıń xalıq tágdiri menen tığız baylanıslı súwretleniwinde, xalıqtıń ruwxıy ármanlarınıń oǵada sheberlik penen beriliwinde.

«Sharyar» dástanınıń kompozitsiyası oǵada sheber qurılǵan. Bunday sheberlik hámme dástanlarǵa tán. Máselen dástanlarda ata-analardıń biyperzentlik musallatıların kórkem súwretlewden baslanıwı, olardı bir ullı, bir qızlı bolıwı, qaharmannıń tulpar atı, pirlerdiń qollap-quwatlawı, batırlıq atlanıslar. Bunday kompozitsiyalıq sáykesler «Alpamıs», «Qoblan», «Er shora» hám tağı basqa da qaharmanlıq dástanlarǵa tán.

«Sháryar» dástanınıń kompozitsiyası qaraqalpaq xalqınıń basqa kórnekli dástanlarına sáykes kelse de, ondağı súwretlengen waqıyalar ağımınıń súwretleniwi pútkilley baqasha.

«Sháryar» dástanıda basqa dástanlardağıday qolına qural alıp, sawash maydanında ózin kórsetip, ayrıqsha kózge túsip júrgen barırlıq háreketler siyrek. Bul dástanda batır azamatlardıń is-háreketlerin, qaharmanlıqların sırttan baqlap súwretlewden góre olardıń ishki keshirmelerin, psixologiyalıq oy-órisin maydalap súwretlew basım Mine usı halat «Sháryar» dástanın basqa qaraqalpaq xalıq dástanlarınan pútkilley ayrıqshalandırıp turadı. Máselen «Sháryar» dástanınıń oraylıq qaharmanlarınıń biri Ánjimniń óz ağası Sháryardı izlep júriwi yamasa onıń anası Gúlsharanıń azaplı tágdirin psixologiyalıq usıl menen súwretlew dástandağı úlken jetiskenlikler bolıp tabıladı.

Sonday-aq «Sháryar» dástanındaǵı ayırım qaharmanlardıń is-hárekelri basqa qaharmanlıq xalıq dástanlarındaǵı obrazlarǵa sáykes keledi. Máselen patshanıń zalım toǵız hayalı, mákkar mástan kempir, qaraqasqa tulpar at usınday obrazlar qatarına jatadı.

«Sharyar» _dástanın kompozitsiyalıq jaqtan tórt bólimge bóliwge boladı. Birinshi Sháryardıń Ánjimniń tuwılıwı, ekinshi taw arasında ana kiyikti emip biliwi, úshinshi tap ata-anasınday kórip eki jetimdi Shasıwar menen Aqdáwlettiń asırap alıwı, tórtinshi olardı túrli mashaqatlar menen er jetip óz ata-anası menen tabısıwı.

Dástannıń kompozitsiyalıq qurılısı shımırı, waqıyalar izbe-izlik penen sheber bayanlanadı hám birin-biri kórkemlik jaqtan tolıqtırıp baradı.

Ulıwma alǵanda dástandaǵı hámme waqıyalarbas qaharman Sháryardıń átirapına jámlengen hám hár bir waqıya soǵan baylanıstırılıp bayanlanıp barıladı.

«Sharyar» dástanı basınan ayaǵına shekem gumanistlik ideya menen suwǵarılǵan. Ádillik penen ádilsizlik, jaqsılıq penen jamanlıq aralıǵındaǵı gúres dástannıń tiykarǵı ózegin quraydı. Ulıwma alǵanda olardıń arasındaǵı qıyan-keskigúres gumanistlik tuyǵılardıń jeńisi menen tamamlanadı. Bunday sheshim qaraqalpaq xalıq awızeki tvorchestvosı dóretpeleriniń demokratiyalıq realistlik baǵdarınbelgileydi.

«Sharyar» dástanında basqa qaraqalpaq xalıq dástanlarındaǵıday qırǵın sawash kórinisleri joq. Bunıń ornın kóbinese mifologiyalıq-erteklik elementler iyelep ketedi. Biraq bunday elementlerdi kóplep paydalanıw dástan qaharmanlarınıń psixologiyalıq ishki sezimlerin ashıp kórsetiwge hesh qanday kesent keltirmeydi.

Dástannıń tiykarǵı qaharmanlarınıń biri Gúlsharanıń kórgen azapları qanday tıńlawshını bolsa da terbendirmey turmaydı.

Biyganaman, biygana,

Baxtı qara diywana,
Perzentinen ayrılǵan,
Yalǵanshı pániy dúnyada,
Barmeken mendey biyshara,
Shappat jelmey mayrıldım,
Jez qanattan qayrıldım,
Quda bergen perzentimnen,
Kóp kún boldı ayrıldım.

Bul zarlanǵan ananıń tragediyalıq keshirimleri xalıq arasında keńnen málim «Alpamıs» dástanındaǵı Gúlparshın sulıwdı Alpamıstıń tulrparı Bayshubardıń moynınan qushaqlap turıp, óz súygenin joqlaǵan jerin eske túsiredi.

«Sharyar» _ dástanında perzenttiń ata-anaǵa, ata-ananıń óz perzentine degen súyispenshiligi, muxabbatı oǵada tereń súwretlengen. Bunday kórinisler oǵada ótkir obrazlı qatarlar arqalı beriledi. Sonday-aq jańa tuwılǵan nárestelerge zulımlıq islegen toǵız xanım menen mákkar mástan kempirden haslı haywan ana kiyik anaǵurlım artıq bolıp shıǵadı.

Eki birdey jas bala,
Sóylerine tili joq,
İngalaydı jılaydı,
Altın baslı bul kiyik,
Balalarǵa pármana boladı,
Aǵzı menen suw berdi,
Emsheginen sút berdi,
Balalardı kiyik baǵıp qala berdi.

Bunday adamnıń júregin eritip jiberetuǵın qatarlar «Sharyar» dástanında oǵada kóp. Máselen, mehriyban ana Gúlsharanıń kóp jıllardan soń azaplar menen kórisken balası Sháryar aytqan sózlerine qarań. Bunda qanshelli mehriyban ananıń appaq júrek sezimleri jatır.

Jaratqan keshirgey bolsa qatam,
Kóre almay qalǵan izimde.
Qan aralas sút bergen,
Ayazlı kúni aylanǵan,
Jılaǵanda oyanǵan.

Bunda ana menen balanıń ada bolmaytuǵın saǵınıshlı tuyǵıları kórinip tur.

Óteniyaz jıraw hám Qulamet jıraw «Sháryar» dástanınıń waqıyaların bayanlaw barısında naqıl-maqallardı oǵada orınlı paydalanadı. Dástanda aytılǵan hárbir naqıl-maqal qaharmanlar obrazın ashıwǵa, olardıń aldına qoyǵan máqsetleriniń qanday ekenin kórsetiwge úlken járdem etedi.

Máselen «At basınday say júrek qanaǵa sıymay tuwladı», «Dúnyası qurısın neteyin, bul jurttı talaq eteyin» hám t b.

«Sháryar»dástanındaǵı jáne bir ayrıqsha kózge túsetuǵın nárse, qaharmanlardıń portretin jasawdaǵı jırawlardıń sheberligi. Ásirese bul usılda hár qanday qaharmannıń sırtqı kelbeti ǵana kórsetilmeydi, al onıń ishki keshirmeleri anıq ayqın boyawlar menen súwretlenedi.

«Sháryar» dástanındaǵı qaharmanlardıń portretine qarap, olardıń qanday taypadaǵı adamlar ekenin ap-ańsat bilip alıwǵa boladı.

Dástandaǵı qaharman portretleri awızeki xalıq tvorchestvosınıń bay usıllarıtiykarında dóretilgen. Hár qanday jıraw óz tıńlawshılarına kúshli tásir

kórsetiw ushın xalıqtıń bay tilindegi eń aǵla teńewlerdi, giperbolalıq usıllardı paydalanadı. Bunday teńewler qaraqalpaq xalqınıń saltanatlı úrp-ádet, salt-dástúrleoi menen aralastırılıp alıp barıladı.

Máselen Shahiydarap patsha shikárdan kelgennen keyin hayalı Gúlsharanıń pıshıq penen kúshik tuwdı degen xabarın esitkende oǵan inanbaydı. Jıraw patshanıń bunday eki oylı keshirmelerin bılay súwretleydi.

Patsha oyladı, ulamanı qozǵan neteyin, qorrandozdı qozǵap neteyin, usı altmısh eki hámelderden-aq sorap kóreyin dep qıyaletti.G'

Xan qasında bóriler,
Bórimen dep júrgenler,
Biriń meter, biriń diywan,
Qusbegi ináq, wázirler,
Qáne adamzat áwladı,
Yit penen pıshıq balasın,
Tuwǵanlıǵın kórdińiz be,
Bolmasa esitip bildińiz be
Xabarın berińler -dedi

Patsha dáslep inanbasada, sońınan ósekke erip, súyikli qostarı Gúlsharanı qattı jazalaydı.

Bul qatarlarda patshanıń sırtqı kórinisi súwretlenbese de, onıń erme, onsha aqıllı emes shaxs ekenin biliwge boladı.

Sonday-aq qaharmannıń sırtqı háreketleri onıń ishki psixologiyasın ashıp kórsetedi. Máselen Gúlsharanıń elden shıǵarılıp jiberilgendegi kórinisi mınaday kórkem qatarlar menen beriledi.

Peshin belge aladı,

Tayaǵın qolǵa aladı,
Órme qumdı órmelep,
Espe qumdı espelep,
Jolǵa ráwan boladı,
Biyik-biyik nuradan,
Suwlar aqqan jıradan,
Tawdı, qumdı aralap,
Bir kún júzi toladı,
Bir elatqa keledi.

Joqarıda keltirilgen mısallardan biygána zalımlıq pánjesine muptala bolǵan mehriyban ananıń júrek eljireterlik psixologiyası oǵada tereń ashıladı.

«Sharyar» dástanında da qaraqalpaq xalqınıń basqa da dástanlarındaǵıday satira hám yumorlıq elementler oǵada orınlı paydalanıladı. Bul qaharmanlardıń unamsız táreplerin ashıp beriwde ayrıqsha rol oynaydı. Máselen Shahiydarap pattshanıń toǵız xanımnıń kánizegine is-háreketine bir kóz juwırtıp kóreyik.

«Kánizek erteń erte turdı, Tilladan dúndi arqalap sarhawızdıń boyına bardı. Dúndi jerge qoydı. Dúndi hám suwǵa qaytarıp aldı. Dúndi suwǵa toltırıp, maydanǵa shıǵarıp qoydı, arqadan dawıl turdı, kánizekti quda urdı,- Mennen jaqsı adam barma, oǵan qarar aynam barma, bastan sıypar bayım barma, oǵan qarar aynam barma. Basım oraǵan álwan qasım bálentpeken, páspeken, qıysıqpeken, dúziwmeken. Xoshreymeken ya naxoshreymeken. Suwǵa ózimd bir qaratıp kóreyin,-dep qıyal qıldı. Kelip suwǵa qaradı, suwǵa qarasa

Qaraǵay barmaq,
Jez tırnaq,
Dálli kóńli,
Kóz oynaq,

Ap-appaq,
Yupqa dodaq

bir xoshirey kánizek boldı. -Haw men ǵoy suwǵa qarap edim, suwda xoshirey kórinip, men bir sulıw kánizek boldım-ǵo. Endi dúndegi suwdı kóreyin-dep qıyal etti. Áne kelip dúnge qaradı. Dúnge qarasa kózi duzday, murnı bizdey, qabaturqı persiyan shorı qádddine keldi».

Sonday-aq «Sharyar» dástanında basqa qaraqalpaq dástanlarındaǵıday ulıwmalıq qatarlar barshılıq. Usının menen birge qaharmanlardıń pirlerge, áwliylerge sıyınıwı olardan mádet sorawı orındı iyeleydi.

Qaraqalpaq xalıqı dúnyadaǵı basqa musılman xalqları sıyaqlı kúte erte zamanlardan baslap diniy uǵımlardı-tawap etken xalıq .

Máselen qoydıń piri shopan ata,maldıń piri zeńgi baba, sonday-aq qırq shitlen ǵayıp dinler, Qızır İlyas pir t.b. pirlerge iseniw «Sharyar» dástanıńda da kórinedi. «Sharyar» dástanı xalıqlıq dóretpe. Onı jırlaǵan jırawlar dástandı xalıqlıq kóz qarastan jırlaǵan. Dástannıń tilinde ulıwma qaharmanlıq dástanlarǵa tán bolǵan dástúriy teńewler,geperbolar,epitetler kóp paydalanıladı. Her qanday súwretlew quralları «jırawlar tárepinen obrazǵa, xarakterge biyparwa paydalanıla bermeydi, ol kórkem súwretlewdiń bahalı quralı bola otırıp, olardı ashıp beredi».

Sonday aq dástandaǵı teńewler qaharmanlardıń kórsetiwde keńnen qollanıladı. Bul qaharmanlardıń obrazın ashıwda úlken rol oynaydı. Ásirese giperbolalıq sıpatta súwretlew dástanǵa ayrıqsha kórkemlik baǵıshlaydı. Bul dástandaǵı mástan kempir obrazında anıq kórinedi. Sonday-aq fantastikalıq zlementler, epitetler óz ornın tapqan. Metafora, metanomiya úlken orın aladı.

«Sharyar» dástanınıń qosıq qurılısı, basqa dástanlardaǵıday jeti-segiz buwınlı terme-tolǵawlardan, tórt qatarları on bir buwınlı qosıqlardan ibarat.

Dástandaǵı jeti-segiz buwınlı tolǵawlar waqıyalardı súwretlewde, al tórt buwınlı, on bir buwınlı qosıq qatarları kóbinese qaharmnlardıń monolog-dialoglarında qollanıladı.

«Sharyar» dástanında basqa qaraqalpaq dástanlarındaǵıday qosıq qatarları bastan ayaǵına shekem qara sózler menen alpamıs otıradı. Qara sózler kóbinese uzın-shubay waqıyalardı jıynaqlı,túsinikli etip bayanlaw ushın paydalınıladı.

Bunday jaǵdayda jırawlar óz sheberliginiń múmkinshiligine qaray qara sózlerdi tap qosıqtay etip uyqastırıp jırlaydı hám waqıyalardı oǵada sulıw etip bayanlaydı.

Solay etip «Sharyar» dástanında qaraqalpaq tiliniń kúte qádim zamanlardan baslap xalıq turmısında keńnen paydalanıp kiyatırǵanday bay ǵázinesin keń qollanadı. Xalqımızdıń ushqır bay sózlerin jiyi-jiyi qollanıp qaharmanlar obrazın isenimli ashıp beredi.

# J u w m a q l a w

Qaraqalpaq xalıq dástanı «Sháryar» ótken dáwirlerdegi qaraqalpaq xalıqınıń sotsiallıq turmıs máselelerin sóz etedi. Dástandaǵı ayırım diniy hám ótken dáwirdegi sotsiallıq turmıs máselelerin xalıq kóz-qarasınan durıs súwretlengenligin kóremiz.

«Sháryar» óziniń qurılısı, kórkemliligi boyınsha, dóreliw hám qáliplesiw jaǵınan orta ásirlerde payda bolǵan dástan sıpatında ilimpazlarımız óz miynetlerinde kórsetip ótedi.

«Sháryar» dástanınıń bir neshe variantları bar. Onıń mazmundaǵı ayırım ózgesheliklerdi esapqa almaǵanımızda variantlıq ózgeshelikleri onıń kórkemlik ózgeshelikleri arkalı bayqaladı. Sebebi, belgili bir waqıyalardı dástan atqarıwshılar hár qıylı usılda kókem sóz sheberligi menen beriliwin salıstırıp oqıw arkalı bayqaymız.

Bul barlıq dástanlardıń variantların atkarıwshılarǵa tán qublıs.

«Sháryar» dástanınıń qurılısı, ondaǵı dástúriy motvler qaraqalpaq dástan atkarıwshılar hár qıylı usılda kórkem sóz sheberligi menen beriliwin salıstırıp oqıw arkalı bayqaymız.

Bul barlıq dástanlardıń variantların atqarıwshılarǵa tán qublısı.

«Sháryar» dástannıń qurılısı, ondagı dástúriy motvler qarakalpak dástanlarına tán ulıwmalıq belgilerge hám de jeke ózgesheliklerge de iye ekenligin sezemiz.

«Sháryar» dástanınıń ideyası hám ondagı qarama-qarsılıqlar dóretiwshilerdiń ishki sezimleri tiley ármanları tiykarında, sol dáwirdiń shınlıǵın beriw, jaqsılıq penen jamanlıq arasındagı gúres, ádilliktiń jeńip shıgıwı hám taǵı baska da belgileri menen xalıqlıq dástan ekenligin derek beredi.

Dástandaǵı obrazlardıń dóreliwi de barlıq dástanlardaǵı sıyaqlı kúshli giperbolalıq usıllarda berilgen. Qúdiretli kúshlerdiń payda bolıwı uqsagan elementlerge bay.

Dástannın kórkemlik ózgesheligi onıń ideyasın ashıp beriwge xızmet etetuǵınlıǵın, waqıyanı sulıw etip beriw arkalı iske asqanlıǵın kóremiz.

Ulıwma alǵanda «Sháryar» qarakalpak dástanlarınıń ishinde kórkemliligi, waqıyanıń izbe-izligi, syujeti, kompozitsiyası, tili jaǵınan eń jaqsı dástanlardıń biri bolıp esaplanadı. Biz bul jumısımızda tiykarınan dástannıń ideyalıq mazmunı, obrazlardıń jasalıwı arkalı waqıyalardıń izbe-izligi, syujetlik qurılısı, kopoziyasına toqtap óttik. Jumısımızda usı máselelerge kewil awdarıw arkalı, onıń tili, kórkemlew quralların óz ornında dóretiwshilerimiz sheber paydalanǵanlıgın sezdik. Olardıń atqarıw sheberliklerin, dóretiwshilik uqıplarınıń úlken áhmiyetke iye ekenligine isendik. Dástan xalıq tilinde jazılǵan bolıp, túsiinkli hám kórkemliligi jaǵınan baska dástanlardan usınday ózgeshelikleri menen parıqlanadı.

«Sharyar» dástanı-qaraqalpaq xalqınıń ullı miyrası, mazmunı, syujetlik qurılısı mifologiyalıq-ertekler aǵımda qurılǵan dúnya júzi xalqlarınıń awızeki xalıq tvorchestvosındaǵı eń úlken, kólemli dástan.

«Sharyar» dástanı ideyalıq mazmunınıń tereńligi, keńligi, kórkemlik dárejesiniń kushligi jaǵınan xalqımızdıń eń ullı dástanları bolǵan «Alpamıs», «Qoblan», «Edige», «Qırıq qız», «Er shora», «Máspatsha» dástanları menen teń túsedi.

Biz bul miynetimizde «Sharyar» dástanınıń Ótenimyaz, Qulamet, Qıyas, Esemurat, Ájimurat hám Jumabay jıraw variantların salıstırıp izertlewge háreket ettik. Olardıń kórkemlik ayırmashılıqları, atqarıwdaǵı jırawlardıń sheberlikleri azı-kem sóz etildi. Ásirese bulardıń ishinde jekke kitap bolıp basılıp xalıq arasına keńnen málim bolǵan Óteniniyaz hám Qulamet jıraw variantlarına ayrıqsha itibar beriledi.

«Sharyar» dástanınıń hámme variantları bir-birine oǵada jaqın. Ondaǵı waqıyalar ayrım ózgesheliklerine qaramastan dástannıń altı variantında da bir baǵdarda súwretlenedi. Biyperzent patshanıń ájayıp bir ulı, bir qızlı bolıwı, dástan qaharmanınıń tulpar saylap miniwi, onı pirlerdiń qollap-quwatlap, medet bolıw, jigittiń birinshi batırlıq háreketleriniń baslanıwı t.b.

Usı kórsetilgen kompozitsiyalıq elementler «Sharyar» dástanınıń kórkemligine kórkemlik qosıp turadı.

Dástannıń bastan ayaǵına shekem Sharyardıń táǵdirine baylanıslı waqıyalar súwretlenedi. Jırawlar onı túrli qıyınshılıqlarǵa jolıqtırıp, sol qıyınshılıqlardı túrli mashaqatlar menen jendirip jırlaw arqalı obrazdı ashıp beredi. Adamgershilik, mehribanlıq, ádillik haqqında insaniyattıń eń aǵla ármanların keltirip shıǵaradı.

Joqarıda kórsetilgen oǵada kúshli kórkemlik qurallar «Sharyar» dástanıń xalqımızdıń eń sulıw, eń aǵla dástanlarınıń qatarınan orın aldıradı.

«Sharyar» dástanı qaraqalpaq xalqınıń mánti jasaytuǵın ullı miyraslarınıń biri.

## Paydalanılǵan ádebiyatlar

### Baslı ádebiyatlar

1. Мирзиёев Ш.М. Эркин ва фаровон демократик Ўзбекистон давлатини биргаликда барпо этамиз. Тошкент, “Ўзбекистон” НМИУ, 2017. – 29 б.

2. Мирзиёев Ш.М. Қонун устуворлиги ва инсон манфаатларини таъминлаш юрт тараққиёти ва халқ фаровонлигининг гарови. “Ўзбекистон” НМИУ, 2017. – 47 б.

3. Мирзиёев Ш.М. Буюк келажагимизни мард ва олижаноб халқимиз билан бирга қурамиз. “Ўзбекистон” НМИУ, 2017. – 485 б.

4. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2017 йил 7 февралдаги “Ўзбекистон Республикасини янада ривожлантириш бўйича ҳаракатлар стратегияси тўғрисида” ги ПФ-4947-сонли Фармони. Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами, 2017 й., 6-сон, 70- модда

5. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2017 йил 20 апрелдаги “Олий таълим тизимини янада такомиллаштириш чора-тадбирлари тўғрисида”ги №2909-сонли Қарори

### Tiykarǵı ádebiyatlar

1. Айымбетов Қ. Халық даналығы. «Қарақалпақстан» баспасы, Нөкис,1968-жыл.

2. Айымбетов Қ. Қарақалпақ фольклоры. «Қарақалпақстан» баспасы, Нөкис,1977-жыл.

3. Ахметов С., Баҳадырова С. Фольклорлық терминлердиң қысқаша сөзлиги. Нөкис, 1992.

4. Ахметов С. Ж.Есенов. Қ.Жаримбетов. Әдебияттаныў атамаларының орысша қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. Нөкис, Билим-1994.

5. Дәўқараев Н. Шығармаларының толық жыйнағы. 2-том, «Аўызеки халық творчестовсы», «Қарақалпақстан» баспасы, 1977-жыл,

6. Мақсетов Қ., Тәжимуратов Ә. Қарақалпақ фольклоры. Нөкис, «Қарақалпақстан» баспасы, 1979-жыл.

7. Кожуров О. Шығармалары «Қарақалпақстан» баспасы, Нөкис, 1988.

8. Мақсетов Қ. Қарақалпақ қаҳарманлық дәстан, «Қырық қыз» «Қарақалпақстан» баспасы, Нөкис, 1962.

9. Мақсетов Қ. Қарақалпақ қаҳарманлық дәстанларының поэтикасы. Фан-Тошкент, 1965.

10. Мақсетов Қ. Қарақалпақ фольклорының эстетикасы. «Қарақалпақстан» баспасы, Нөкис, 1971.

11. Мақсетов Қ. Фольклор ҳәм әдебият. «Қарақалпақстан» баспасы, Нөкис, 1975.

12. Мақсетов Қ. Қарақалпақ фольклористикасы Нөкис-1989.

13. Мақсетов Қ. Қарақалпақ халқының көркем аўызеки дөретпелери «Билим» баспасы. Нөкис 1996, 340-бет.

14. Мәмбетов К. Фольклор ҳәм жазба әдебият. «Қарақалпақстан» баспасы, Нөкис, 1978.

15. Сағытов И. Әдебият ҳәм фольклор. «Қарақалпақстан» баспасы, Нөкис, 1983.

16. Сағытов И. Қарақалпақ халқының қаҳарманлық эпосы. Н.,1963.

17. Қарақалпақ фольклоры 6-том, «Қырық қыз» Нөкис-1979.

18. Қарақалпақ фольклоры 7-том, «Алпамыс» Нөкис-1981.

19. Қарақалпақ фольклоры 8-том, «Қоблан» Нөкис-1981.

20. Қарақалпақ фольклоры 9-том, «Ер Зийўар», «Қаншайым», «Қурбанбек», Нөкис-1981.

21. Қарақалпақ фольклоры 10-том, «Мәспатша» Нөкис-1982.

22. Қарақалпақ фольклоры 13-том, «Шәрьяр» Нөкис-1984.

23. Қарақалпақ фольклоры 14-том, «Саятхан-Ҳамра», «Ғарип ашық», «Ҳамра» Нөкис-1985.

24. Қарақалпақ фольклоры 15-том, «Ғөруғлы» Нөкис-1986.

25. Қарақалпақ фольклоры 2-том, «Шәрьяр», «Қаншайым», Нөкис, «Қарақалпақстан» баспасы, 1997.

26. Хошниязов Ж. Қарақалпақ қаҳарманлық дәстаны. «Алпамыс». Н.,1989.

27.Хошниязов Ж. Миллий руўхый дүнямыздың сағалары. Н.,2007.

28. Палымбетов К. Қорқыт ата китабы ҳәм қарақалпақ дәстанларының уқсаслықлары. Нөкис, 2010.